# Зыщ ди блэкIари, зыуэ щрет ди къэкIуэнури

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# Адыгэ псалъэ
АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№249 (23.157) • 2015 гъэм дыгъэгъазэм и 30, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы туменщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru



Номер №108 зэхэт



## ИлъэсыщIэпежьэ

«Адыгэ псалъэ» (КъБР), «Адыгэ макъ» (АР), «Черкес хэку» (КъШР) лъэпкъ газетхэм илъэс 26-рэ хъуауэ зэгъусэу ягъэхьэзыр къыдэкIыгъуэхэм я 108-нэрщ нобэ дунейм къытехьар. Редакцищыр зэгурыIуэри, илъэсыщIэпежьэу ягъэхьэзыра газетыр траухуащ дунейм и зыужьыкIэмрэ къэкIуэнум и хъуэпсапIэхэмрэ зрапхыу гъащIэм щыбжьыфIэ щIалэгъуалэм.

КъыхэгъэщыпхъэщI ди лъэпкъым къыщIэхъуэ щIэблэр зэманым декIуу, ехъулIэныгъэхэр зыIэрагъэхьэу, сыт хуэдэ унэтIыныгъэми я гуащIэ халъхьэну хэту зэрыпсэур. Абы и щыхьэтщ Налшык, Мейкъуапэ, Черкесск къалэхэм щыщ журналистхэм фагъэцIыхуну щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ. Ахэр жыджэру хэтщ къэралым, республикэхэм щекIуэкI политикэ, жылагъуэ Iуэхухэм, экономикэм, щэнхабзэм, щIэныгъэм, егъэджэныгъэм, спортым, гъащIэм и сыт хуэдэ лъэныкъуэми я зэфIэкI щагъэлъагъуэрэ къызыхэкIа лъэпкъым и цIэр фIыкIэ ягъэIуу къогъуэгурыкIуэ.

Лъэпкъым и гушхуапIэм, щIалэгъуалэм я курыхым теухуа тхыгъэхэр, дауи, зы къыдэкIыгъуэм пхуигъэхуэнукъым. Ауэ нобэ ди газет напэкIуэцIхэм къыщыдгъэлъэгъуа хъыджэбзхэм, щIалэхэм я зэфIэкIыр щIэблэм щапхъэ яхурехъу, ди нэхъыжьыфIхэр щрегуфIыкI!

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ,**
*«Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщI, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и вице-президент.*

# Къэрал дамыгъэхэр зратахэр

• Дыгъуасэ

**КъБР-м и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щагъэлъэпIащ республикэм и лэжьакIуэ пажэу 60-м щIигъу. ЩIыхь тхылъхэмрэ республикэм и цIэ лъапIэхэмрэ зыхуагъэфэщахэм ехъуэхъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий.**

- МЫПХУЭДЭ махуэхэм зыхэтщIэ гурыщIэм уасэ иIэкъым. Ар псом хуэмыдэу зэпхар ди цIыхухэм я зэфIэкIкIэ ди щхьэр лъагэу зэрыдагъэлъагъужырщ, - жиIащ КIуэкIуэ Юрий. - ФIыщIэ яхуэфащэщ зи лэжьыгъэм гурэ псэкIэ бгъэдэтхэм, республикэм щыпсэухэм я гъащIэр егъэфIэкIуэным хущIэкъухэм. Апхуэдэхэм я гуащIэр дэ зэи тщыгъупщэнукъым. Мы гъэм къэрал дамыгъэхэр зыхуэдгъэфэщахэм яхэтщ республикэм и дохутыр нэхъыфIхэр, предприятэ зэмылIэужьыгъуэхэм щылажьэхэр, музыкантхэр, щэнхабзэ, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, нэгъуэщIхэри. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыужьыныгъэм толажьэ, ди япэ итахэм я хабзэ, Iуэху бгъэдыхьэкIэ ямыгъэкIуэдауэ. Ахэр ди щапхъэгъэлъагъуэщ зым адрейм пщIэ хуищIынымкIи.

Апхуэдэ зэфIэкI зиIэхэм ящыщу КIуэкIуэ Юрий къыхигъэщащ кинематографист, тхакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ Вэрокъуэ Владимир. «Абы трих документальнэ фильмхэмрэ и тхыгъэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм и напэкIуэцIхэр къахощ. Илъэс куэд хъуауэ Вэрокъуэм и гуащIэ хелъхьэ лъэпкъхэр я щэнхабзэмкIэ зэрыгъэубыдыным. Ардыдэм толажьэ къызэрыунэхурэ мы гъэм зи илъэс 25-р зыгъэлъэпIа ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтри. ЕджапIэм и унафэщI Рахаев Анатолий я пашэу абы щылажьэхэм я щIэныгъэрэ зэфIэкIкIэ щIэблэ дахэ къытхуагъэтэдж», - къыхигъэщащ КъБР-м и Iэтащхьэм. Абы и гуапэу и псалъэм дыщIигъуащ «КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ» цIэ лъапIэр мы гъэм Бицу Анатолэ зэрыхуагъэфэщари. ЯгъэлъэпIахэм яхэтщ щIапхъаджагъэ къэмыгъэхъуным махуэ къэс псэемыблэжу пэщIэт IэщIагъэлIхэри, щIэныгъэм и лэжьакIуэхэри, нэгъуэщI куэди. КIуэкIуэ Юрий «Горячее сердце» бгъэхэIу дамыгъэр хуигъэфэщащ илъэситI и пэ Шытхьэлэ къыщыхъуа мафIэсым илъэситху хъу сабийр къыхэзыха Тау Беслъэн. Абы щыгъуэм щIалэм и ныбжьыр илъэс тIощIым иту арат.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

**Вэрокъуэ В. Хъ. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр етыным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

ЕхъулIэныгъэ инхэр къызэрихьам икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и телевиденэм, кинематографием, щэнхабзэм зегъэужьыным къаруушхуэ зэрырихьэлIам папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр етын **Вэрокъуэ Владимир Хъалид и къуэм** - «Налшык» жылагъуэ радиотелекомпание» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам и генеральнэ директорым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2015 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м*
*№194-УГ*



**Вэрокъуэ В. Хъ. «Налшык» ОРТК ОАО-м и генеральнэ директорщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩэнхабзэмкIэ и жылагъуэ фондым и тхьэмадэщ, кинорежиссёрщ, журналистщ, тхакIуэщ, тхылъипщIрэ тхыдэр зи лъабжьэ романитIрэ къыдигъэкIащ.**

**Налшык къалэм пщIэ зиIэ и цIыхущ.**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Урысей Федерацэмрэ щэнхабзэм зыщегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ.**


Хьэвжокъуэ Людмилэ


ХьэхъупащIэ ФатIимэ


Блэгъуэжь Мурат


ХьэщIэлI Рустам


Къущхьэ Мадинэ


Тхьэгъэпсэу Маринэ


Жу Ерстэм


Джатэгъэжь Залым


Сыжажэ Азэмэт


Сокъур Мадинэ


Быщтэкъуэ Азэмэт


НэщIэс Анжеликэ


Дзыбэ Мухьэмэт


Дамэлей Къазбэч


Бемырзэ Зураб


Сидакъ Азэмэт


Жэмыхъуэ Мурат


Мэршэнкъул ФатIимэ


Битокъу Тамарэ


Мокъуэ Лаурэ

**Щапхъэ**

# И Iэпэм дыщэ къыпощ

**Апхуэдэу хужаIэ Дзэлыкъуэ щIыналъэм хыхьэ Сэрмакъ къуажэм щыщ щIалэ IэпщIэлъапщIэ, щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэ Жыкъуэ Мыхьмуд. IэщIагъэ хуэхъунур езы цIыхум къыдалъхуу жаIэ. Ар пэжмэ, Мыхьмуд ящыщщ Тхьэр куэдкIэ зыхуэупсахэм. ЩIалэ жыджэрыр я къуажэм щолажьэ, цех Iэхуитлъэхуит къызэIуихауэ, унэлъащIэ екIуэхэр егъэхьэзыр.**

ПЭЖЩ, занщIэу тегушхуакъым Жыкъуэр а Iуэхум. Курыт школыр къиуха нэужь, шофёр IэщIагъэр зригъэгъуэтащ, дзэ къулыкъур кърихьэлIэри, Ставрополь къэрал юридическэ университетым щеджащ. Псори хъарзынэ хуэдэт, лажьи шхэж къудей. Ауэ гъащIэр матэщIэдзакъым, къэрал ухуэкIэмрэ Iуэху зехьэкIэщIэхэмрэ уадэхъун хуейт.

- Ди псэукIэмрэ зэхэтыкIэмрэ зихъуэжу рынок IэубыдыпIэншэм бжьыпэр иубыду щыхуежьам, цIыхухэр хьэжэпхъажэ хъуат. Сыту жыпIэмэ, фейдэ пымылъу жаIэу, уеблэмэ, хуэмейуэ къалъытэу IэнатIэхэр зэхуащIыжырт. Колхозхэмрэ совхозхэмрэ зэрагъэкIуэдыжар нэхъыжьхэм ноби яфIэкъабылкъым. Абы къишар нэрылъагъущ-мэкъумэшыщIэхэр лэжьыгъэншэ хъуащ, иджыри къыздэсым щIым унафэ тэмэм иIэкъым, зыхуэгъэкъарухэм гъавэ щIапIэхэм щыщ бэджэнду зэрахьэ, мэкъумэшыщIэ-фермер хозяйствэхэр къызэрагъэпэщ. КIэщIу жыпIэмэ, рынокым дыпэхъун щхьэкIэ, абы дызэрыхэзэгъэну хэкIыпIэхэр къэдгъуэтын хуейт. Си щIалэгъуэти, сэри куэдым зеспщытащ, рулыр сIыгъыу машинэшхуэкIэ хьэлъэхэр зыгъэIэпхъуэхэм сахэтащ, - жеIэ Мыхьмуд.

Жыкъуэм и Iыхьлы гъунэгъухэм ящыщу пхъащIэ, ухуакIуэ IэщIагъэм дихьэхыу яхэтар и адэ къуэшым и закъуэщ. Ар езыми къыхуэкIуауэ къелъытэ. И гум фIэфIт, хуэIэрыхуэт, хуэшэрыуэти, тегушхуэри унэлъащIэм щелэжь цех къызэIуихащ. ГъэщIэгъуэныракъэ, и гуп цIыкIум и зэфIэкIри, я IэдакъэщIэкIхэм я фIагъри щIэх-дыдэ хэIущIыIу хъуащ.

«Егугъум къохъулIэ», «Лъыхъуэм къегъуэт» жаIэ. А псалъэхэм купщIэшхуэ яIэщ. ФIым, зэIузэпэщым егупсысыр мэчэнджащэ, кърихьэжьа Iуэхур лъэныкъуэ куэдкIэ зэпешэч, гугъуехьхэм щышынэркъым. Ахэр Жыкъуэм епхьэлIэ хъунущ. Армырамэ, рынокым и хабзэхэм дэхъунтэкъым, абы къигъэувхэм хуэфащэ IэмалкIэ пэджэжыфынтэкъым.

- Бизнесым хэтхэм я дежкIэ нэхъыщхьэр абы къыпэкIуэрщ. Дауи, хэхъуэр фIыщ, ауэ уи IэдакъэщIэкIым цIыхухэр димыхьэхым, ямыфIэщIэщыгъуэм, къищынэмыщIауэ, хуэмызэ уасэм тебгъэчыныхьмэ уегъэпуд, уи щхьэри уи цIэри егъэлъахъшэ. ЩэхуакIуэхэм пэжу уабгъэдэтмэ убейщ, я заказхэр гурыхьу и чэзум бгъэзащIэмэ я дзыхь къыуагъэз, лэжьыгъэм лъэр щIегъэкI. Пхъэм сыщелэжькIэ, унэлъащIэ щызэпкърыслъхьэкIэ, си псэр мэтынш, дэрэжэгъуэ, согъуэт. ЦIыху щхьэхуэхэми, IуэхущIапIэхэми, еджапIэхэми жыджэру дадолажьэ, стIолкIэ, шэнткIэ, тегъэувапIэкIэ, шкаф екIуэхэмкIэ, нэгъуэщI зыхуейхэмкIэ къызыдогъэпэщ. ФIагъым догугъу, абыкIэ гукъанэ къыщытхуащI къэхъуркъым, - къыхегъэщ Мыхьмуд я IэдакъэщIэкIхэм иригушхуэу.

ЛъэщапIэм щагъэхьэзыр унэлъащIэхэм ядэбгъуэн щыIэкъым, нэгъуэщI къэралхэм щащIхэм зы мащIэкIи къакIэрыхуркым, я теплъэм нэр егъэгуфIэ, зыхуэдэкIи зэмылIэужьыгъуэщ, удэзыхьэхщ.

Хьэрычэтыщ Iэ Жыкъуэ Мыхьмуд и IэнатIэр рынокым хъарзынэу хэзэгъащ. Абы и щыхьэтщ и IэдакъэщIэкIхэм щIэупщIэ зэраIэр, налог лIэужьыгъуэ псоми хилъхьэн хуейхэр и чэзум зэритыр, и лэжьэгъухэр зэрыхуэарэзыр.

Щапхъэ игъэлъагъуэу зэманым декIуэкI щIалэ IэпщIэлъапщIэм «и Iэпэм дыщэр къыпощ» хужаIэри, дяпэкIи ефIэкIуэну, нэхъри зиузэщIыну ди гуапэщ.

**ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.**




**ЩIэныгъэ**

# Куэдым хуэнабдзэгубдзаплъэ


Хьэвжокъуэ Людмилэ

**Адыгэ литературэм, щэнхабзэм, щIэныгъэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщIу ди республикэм ис хъыджэбз жыджэрхэм ящыщщ усакIуэ, литературэдж, егъэджакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я кандидат Хьэвжокъуэ Людмилэ.**

ЩIЭНЫГЪЭМ пасэу гу хуэзыщIа, куэдым хуэнабдзэгубдзаплъэ, адыгэбзэкIэ усэхэр зытх пщащэм Нартан дэт курыт еджапIэр дыщэ медалкIэ къыщиухым, зыхуеджэну IэщIагъэр къыхихыным куэдрэ егупсысакъым. Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и филологие факультетым адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ и къудамэм 2003 гъэм щIэтIысхьащ икIи 2008 гъэм Диплом плъыжькIэ къиухащ. АдэкIэ щIэныгъэм хуэнэхъуеиншэ Хьэвжокъуэр КъБКъУ-м и аспирантурэм щеджащ икIи «Бещтокъуэ Хьэбас и поэзиер: мотив нэхъыщхьэхэр, жанр системэр, поэтикэр» диссертацэ лэжьыгъэр 2011 гъэм пхигъэкIащ.

2009 гъэм къыщыщIэдзауэ Людмилэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал институтым щыIэщ - къэбэрдей литературэмкIэ къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжьщ, БзэщIэныгъэмрэ литературэр джынымкIэ кафедрэм и унафэщIщ. КъищынэмыщIауэ, 2013 гъэм щегъэжьауэ ар «Iуащхьэмахуэ» журналым публицистикэмкIэ и къудамэм и редакторщ, журналым и редколлегием хэтщ. А гъэ дыдэм къыщыщIэдзауэ Гъуазджэхэмкiэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ щрегъаджэ.

Людмилэ и усэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыдэкI «Адыгэ псалъэ», «Советская молодежь», «Горянка», «Iуащхьэмахуэ», «Нур», «Жылэ» газетхэмрэ журналхэмрэ мызэ-мытIэу къытехуащ. 2011 гъэм абы къыдигъэкIащ «Гухэлъ налъэ» усэ тхылъыр. Прозэми и къару щеплъыжащ Хьэвжокъуэр. 2015 гъэм абы итхащ «Лъагъуныгъэм и бзэ» рассказыр. КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, адыгэ драматургием и классик IутIыж Борис и ныбжьыр илъэс 75-рэ зэрырикъум хуэгъэпсауэ екIуэкIа Адыгэпсо литературэ щIалэгъуалэ зэпеуэм ар утыку къыщрихьащ. Людмилэ абы увыпIэ щхьэхуи ахъшэ саугъэти къыщихьащ. Апхуэдэ Iуэху и лъэныкъуэкIэ пщащэм ар и япэ ехъулIэныгъэтэкъым. 2011 гъэм КъБКъУ-м и студентхэм и аспиранткэм, щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм папщIэ игъэува грантыр Людмилэ къихьащ, 2012 гъэм КъБР-м и тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я «Гугъэ» республикэпсо зэпеуэм и лауреат хъуащ.

Хьэвжокъуэ Людмилэ 2012 гъэм къыдигъэкIащ «Бещтокъуэ Хьэбас и усыгъэ дунейр» монографиер (урысыбзэкIэ), 2014 гъэм абы къыкIэлъыкIуащ «Бемырзэ Мухьэдин и усыгъэ дунейр» тхылъыр. Зи чэзу къыдэкIыгъуэм хуигъэхьэзыращ КъШР-м и цIыхубэ усакIуэ Бемырзэ Мухьэдин и тхыгъэхэмрэ сурэтхэмрэ щызэхуэхьэсыжа антологиер. Апхуэдэу Людмилэ зэхилъхьащ «Гъубжокъуэ Лиуан: Псэухэм папщIэ сопсэу» (2013), «Къуэдз Iэбубэчыр: Джатэ зыгъабзэ нэхърэ, пшынэ зыгъэбзэрабзэ» (2014) тхылъхэр. КъищынэмыщIауэ, пэублэ псалъэ яхуитхащ школ библиотекэхэм папщIэ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIа «Бещтокъуэ Хьэбас» (2014), «Тхьэгъэзит Зубер» (2014) тхылъхэм.

НобэкIэ Хьэвжокъуэр йолэжь литературэмрэ щэнхабзэмрэ нэхъ щызэIумыбз Iуэхухэм. Къапщтэмэ, Кавказ зауэмрэ ИстамбылакIуэмрэ адыгэ литературэм къыщыгъэлъэгъуэжа зэрыхъуар къэхутэ.

Лъэпкъ литературэм, усыгъэм, щэнхабзэм, егъэджэныгъэм, щIэныгъэм хэлъхьэныгъэ хъарзынэ хуэзыщI Хьэвжокъуэ Людмилэ и хьэлкIи и щэнкIи зэкIужщ, адыгэ хъыджэбзым и пщIэмрэ и нэмысымрэ иIыгъыжщ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

**Ди хьэщIэщым**

# ПсыкIантIэм ещхь ХьэхъупащIэ ФатIимэ


ХьэхъупащIэ ФатIимэ

**Лъэпкъыпсэм и хьэуар, ар зэрыбауэр къыщIэхъуэ щIэблэрщ. Псом хуэмыдэу уи гуапэ мэхъу къызыхэкIа лъэпкъым егъэщIылIа Iуэхухэм зи щIалэгъуэр хэту щыплъагъукIэ. КъэкIуэнум и лъабжьэр щагъэтIылъ нобэм жыджэру лъэпкъ Iуэху зэрахуэу хэтхэм ящыщщ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артисткэ ХьэхъупащIэ ФатIимэ. Илъэс зыбжанэ хъуауэ театрым щылажьэ пщащэр спектакль зэмылIэужьыгъуэхэм, лъэпкъ зэхуэсхэм, усэ пшыхьхэм и зэфIэкI щигъэлъагъуэкIэрэ куэдым нэIуасэ яхуэхъуащ.**

ХЪЫДЖЭБЗЫМ и теплъэ гуакIуэм хуэфэщэн зэфIэкI зэрыбгъэдэлъым куэдым гу лъатащ. Зи адыгэбзэр гъэхуа, къабзэ, псынэ Iэрышэу гуакIуэ пщащэм утыку куэдым и цIэ къыщраIуащ, ауэ дяпэкIи дыщогугъ ХьэхъупащIэм и ехъулIэныгъэ нэхъыщхьэхэмрэ зэфIэкIымрэ нэхъ кууж дыхэплъэну.

ФатIимэ зэрыжиIэмкIэ, зэрыцIыкIу лъандэрэ цIыхухэм я пащхьэ зыкъыщигъэлъэгъуэну фIэфIу и анэм гу къыщылъитэм, ЖьакIэмыхъу КIунэ къызэригъэпэща гупжьейм ишауэ щытащ. Абдежым гъуазджэм япэ лъэбакъуэхэр хэзычам, абы хэлъ гугъуехьхэр игъэунэхуа пэтми, пщащэр и хъуэпсапIэм къимыкIуэту хуэкIуащ. ХьэхъупащIэм и етIуанэ лъэбакъуэр ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым щыщIэтIысхьам ичат. Абы жеIэ, къикIуа гъуэгуанэр мыинми, зыхущIегъуэжа зыри зэрыхэмытыр.

- Сэ роль зэхэгъэж сщIыркъым, актёр нэсыр сыт хуэдэ ролми «щыпсэуфу» щытын хуейуэ къызолъытэ. Нэхъыщхьэр цIыхур зыщIигъэгупсысыжрэ зыгуэрым хуиущийуэ щытынырщ, - жеIэ ХьэхъупащIэм. - Си гугъэщ сэ къысхуагъэфащэу згъэзэщIа ролхэмкIэ театреплъхэм я деж гупсысэ гуэрхэр нэсхьэсыфауэ, утыкум къисхьа образым и фIыгъэкIэ я дунейм нэгъуэщIынэкIэ хэзгъэплъэжыфауэ.

Абы къызэрилъытэмкIэ, цIыхур и псалъэм фIыуэ егупсысу, зэчэнджэщыжу, зыр адрейм хуэсакъыжу, щысхь, зэхэщIыкI яхэлъу псэун хуейщ. Ахэр къыхэщу езыр щылажьэ театрым щагъэув спектаклхэм роль зэхуэмыдэхэр щегъэзащIэ.

Иужьрей илъэсхэм ФатIимэ и ехъулIэныгъэ нэхъыщхьэу къилъытэр режиссёр Iэзэ Дэбагъуэ Роман дэлэжьэн зэрыщIидзарщ. Абы и гупсысэкIэр, и Iуэху еплъыкIэ щIэщыгъуэр пщащэм куэдкIэ сэбэп зэрыхуэхъуар, и къэухьым зэрызригъэужьар къыхегъэщ. Апхуэдэуи абы къыхуагъэфащэ ролхэр кIуэ пэтми нэхъыбэ, нэхъыфI мэхъу, шэч хэмылъу, пщащэм и Iэзагъым хэзыгъахъуэхэм ящыщщ ар.

2015 гъэр ХьэхъупащIэм хуэфIащ, УФ-м Театрым и лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм игъэуvауэ щэнхабзэм и лэжьакIуэ ныбжьыщIэхэм я стипендие (сом мин 20 мазэ къэс хуэзэу) ди республикэм щыщу зратар абы и закъуэщ.

Пщащэ ныбжьыщIэр псыкIантIэм ебгъапщэ хъуну къызолъытэ. Дэтхэнэ псыкIантIэми езым и къежьапIэ, и псынащхьэ иIэжщ, куэд елъытащ абы и къабзагъым, и кууагъым, и IэфIагъым. Ауэ нэхъыбэж елъытащ а псыкIантIэ цIыкIум езым пхишыж гъуэгум, абы и хъуреягъым, езым и ерыщагъым. ЦIыхури аращ: лъэпкъым и псынащхьэм псыкIантIэ куэд къыщожьэ, щIыIэ хъужарэ зэнзэныпсу IэфIу. Хэти псышхуэм къабзэу нос, хэти псы инауэ къонэ, жьымрэ псымрэ къыIуащIа и гъуэгум емыныкъуэкъуфу, адрейхэр псы ежэх щхьэхуэ мэхъури псэ зыIутым сэбэп яхуохъу. Лъэпкъ Iуэху зэрихуэу, абы и пщэдейм зи гур хуэмыгъуэ пщащэм и Iуэхур махуэ хъуну, ролыщIэхэмрэ ехъулIэныгъэщIэхэмкIэ дигъэгуфIэну дыщогугъ!

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

● НыбжьыкIэ творчествэр

# Ным ыцIэкIэ





Блэгъожъ Мурат

**Адыгеим иныбжьыкIэ сэнаущыгъэу творчествэм ылъэныкъо зэфэшъхьафхэмкIэ зыкъызэIузыхыхэрэм ащыщ непэ нэIуасэ шъуузфэсшIыщтыр. Ар Блэгъожъ Мурат, илъэс 19 ыныбжь. Мыекъопэ къэралыгъо гуманитар-техническэ колледжыр къыухыгъ, компьютер системэхэмкIэ техник сэнэхьатыр ыгъотыгъ. Джыри иеджэн очнэу АКъУ-м инженер-физикэ факультет щылъегъэкIуатэ, 1-рэ курсым истудент.**

МУРАТ Теуцожь районым ит къуаджэу Нэшъукъуае къыщыхъугъ, щапIугъ, щеджагъ. Нахьыжъ Iушхэм, янэ-ятэхэм, иапэрэ кIэлэегъаджэ ягъэсэпэ гущыIэхэр пытэу ыгу риубытагъэх. Мурат янэ кIэлэегъадж, ятэ мэз хъызмэтым хэтэу Iоф ышIагъ, джы псэолъэшIынымкIэ зигъэзагъ. Блэгъожъ зэшъхьэгъусэхэм якIалэу Муратрэ, япшъашъэу Дианэрэ гъогу зафэ зэрэтыращэщтхэм сыдигъуи анаIэ тырагъэты.

Мурат сабыеу, илъэси 10-м итэу усэныр къыфэкIуагъ.

- Гъэмэфэ мэфагъ, тIэкIуи зэщыгъуагъэ, - къеIуатэ кIалэм, - тхьапэмрэ ручкэмрэ сшти сызэтIысым. Джащыгъум апэрэу сатыриплI сянэ пае зэхэслъхьэгъагъ, сыгуIэзэ сянэ ар згъэгушIонэу езгъэлъэгъугъ, ау зеджэм ыгу рихьыгъэп ыкIи щыкIагъэу иIэу ылъытэхэрэр къысиIуагъ. - Мурат зыфежьагъэр «мыхъугъэмэ хъугъэп» ыIоу чIидзыжьыгъэп а пае, тIысылIэжьи, егугъоу, гущыIэмэ алъыхъоу, янэ «дэгъу джы» къыриIоным пае фэусагъ, сатыриплIыри нахь къэтэрэзыгъ зыщэзыплIэ зыкIешIыкIыжьым.

- Сиусэ сатыриплI сянэ ыцIэкIэ апэрэу стхыгъагъэр, - къысфеIуатэ кIалэм, - ным ифэбагъэ, ишъэбагъэ, ищэIэгъэ ин, игумыпсэфыгъэ, къысфишIэрэ пстэум апае, сэри гущыIэ дахэхэр фасIомэ, игуапэ сшIэмэ шIоигъуагъ. СицIыкIугъом щегъэжьагъэу тхылъхэр сикIэсагъ. Литературэр, тарихъыр, географиер анахь сыгу рихьырэ предметыгъэх. Сэ пшысэхэм бэу сяджэщтыгъ, чэщныкъо хъугъэуи, сянэ тхылъыр сIихыжьмэ, сигъэгъолъыжьэуи къыхэкIыгъ. Я 6-рэ классым сисыгъ тигъунэгъу бзылъфыгъэм КIэрэщэ Тембот итхыгъэхэр зыдэт тхылъищыр къызысетым. Седжагъ сшIуабэ шIэу, сыгу рихьыгъэх, ащ ыужыми бэрэ кIэсыджыкIыжьыгъэх. А зэкIэм литературэм, усэн-гупшысэным цIыкIу-цIыкIоу сыкъыфагъэущыгъэу сэгугъэ. Ауми сэнэхьатэу къыхэсхыгъэр нэмыкI лъэныкъокIэ гъэзагъэ, ущыIэн амал зэбгъэгъотыным иIоф къыдыхэтлъытагъ. Ащ къикIырэп творчествэр щызгъэзыенэу, сиуахътэ зэфэдэу сшIэн слъэкIырэ пстэумэ атесэгуащэ, - еIо Мурат.

Усэн-тхэныр Мурат зэрэшIогъэшIэгъоныр, ащ гухахъо зэрэхигъуатэрэр игущыIэхэм къахэщы. Адыгэ усакIоу Теуцожь Цыгъо ипроизведениехэм, иусэхэм ыгу лъэшэу зэряIурэр, ежьри ыбзи, икъулайныгъи зэдиштэу, ытхыхэрэм цIыфхэр яджэу хъуным кIэхъопсы. «СикIас сигупшысэхэмкIэ сянэ сыдэгощэныр, - къыпегъащэ къыIуагъэм Мурат, - фэгъэкIуатэ хэмылъэу, сыдигъуи ишIошI къысеIо, ащ нахь усэным сыфегъэблы, сырегъэгугъы».

Мурат илъэс 13-м къыщегъэжьагъэу, адыгабзэхэмкIэ, литературэмкIэ олимпиадэхэм, творческэ зэнэкъокъухэм ахэлажьэ. Иусэхэр кIэлэцIыкIухэм апае журналэу «Жъогъобыным», гъэзетэу «Адыгэ макъэм», журналэу «Зэкъошныгъэм» къащыхеутых. ГъэрекIо тхэкIо ныбжьыкIэхэм азыфагу республикэ зэнэкъокъоу щыкIуагъэм, Мурат адыгэ поэзиемкIэ я 2-рэ чIыпIэр къыщыфагъэшъошагъ. НыбджэгъушIум фэдэу кIалэм бэрэ усэр къыфэкIо, ежьри тхэным нахь фэкъулай мэхъу. КъыхэкIы чэщныкъо кIым-сымым тхэу, щэджэгъо жъоркъыми гу лъимытэжьэу етIупщыгъэу усэным зыритэу. Афэтхэ икъуаджэ, ипсыхъо «Адыгей, дунэе дахэу къешIэкIыгъэм; икIас чэщ огу зэIухыгъэу жъуагъохэр зэрытэкъуагъэхэр, мэфэ нэфыр, цIыфхэр ыкIи псэушъхьэхэр. Иусэ сатырхэм апчэгу итхэри ахэр арых.

Ыбзэ, иадыгэ хабзэ шIогъэшIэгъоных, илъапIэх, псаумэ, икIэсэ адыгабзэр зэрэфаеу усэкIэ ыгъэбзэрабзэ зэрэхъущтым цыхьэ зыфыунгъэшIы. Ащи изакъоп, сурэтшIыными хэзагъэ, адыгэ орэдхэр (янэ бэрэ къыфиIощтыгъэхэр) икIасэх, гужьдэкIыгъо гуапэ а зэкIэм ахегъуатэ, икIас пхъэм хэшIыкIыгъэ пкъыгъохэм хэгъэжъыкIынхэр афишIынхэр, тхыпхъэкIэ ыгъэкIэрэкIэнхэр. Арышъ, усэм имызакъоу, Мурат ыгу бэ зылъызыщэу зыIыгъыр, ахэм ащыщэу анахь дэзыхьыхэу зытегъэпсыхьагъэр уахътэм къыгъэнэфэщт. Рищэжьэгъэ Iофыр гъунэм нигъэсыныр ишэнышъ, Блэгъожъ Мурат тыщэгугъу усэным зыкъыщызэIуихынэу.

**МАМЫРЫКЪО Нуриет.**

*Сурэтыр тезыхыгъэр* **Iэшъынэ Аслъан.**

● Полицием илейтенант

# Шъыпкъэныгъэ фыриIэу игъогу рэкIо

**Дунаим цIыфэу тет пэпчъ щыIэныгъэм лъэуж дэгъу щыпхырищы шIоигъу. НыбжьыкIэхэм мурад шIагъохэр яIэхэу еджапIэр къызаухыкIэ къыхахыгъэ, шIу алъэгъурэ сэнэхьатым рылэжьэнхэмкIэ шIыкIэхэм алъэхъух.**


Шъынэхъо Анзор

ПОЛИЦИЕМ илейтенантэу Шъынэхъо Анзор зищытхъу язычъаIорэ къулыкъушIэхэм зэу ащыщ. Анзор илIакъокIэ Шэуджэн районым ит къуаджэу Мамхыгъэ щыщ. 2001-рэ илъэсым гурыт еджапIэр къызеухым Адыгэ къэралыгъо университетым физическэ культурэмкIэ иинститут чIэхьагъ. Сыда пIомэ, джыри еджапIэм щеджэзэ, спортым ишъыпкъэу пылъыгъ, дзюдомкIэ мастер хъуным икандидат. 2006-рэ илъэсым апшъэрэ еджапIэр къыухыгъ, а илъэс дэдэм дзэ къулыкъур къеджи зэзэгъыныгъэ шIыкIэм тетэу Мыекъуапэ ия 131-рэ бригадэм кIуи илъэсрэ ныкъорэ къулыкъур къыщихьыгъ. Теубытагъэ хэлъэу полицием ищыIэныгъэ рипхы шIоигъоу къулыкъу ужым итхылъхэр хэгъэгу кIоцI IофхэмкIэ къулыкъум чIилъхьагъэх.

Анзор къызэрэтфиIотагъэмкIэ, цIыфхэм ядаохэр нахьыбэу зыфэгъэхьыгъэхэр унэгъо кIоцIым къитэджэрэ зэгурымыIоныгъэхэр ары. Ащ фэдэхэр зэрегъэшIужьых. Ешъоным ылъэныкъокIэ Iофхэр мыщ щыдэйхэу пфэIощтэп. Участковэу Мыекъуапэ районым щылэжьэнэу зырегъажьэм апэдэдэ мурадэу зыфишIыжьыгъэхэм ащыщ ешъон Iофыр нахь макIэ шIыгъэным дэлэжьэгъэныр. Ащ непи лъэшэу ынаIэ тет. Ащ нэмыкIэу псэупIэ коммунальнэ-хъызмэтым ылъэныкъокIэ, хэкIхэр икъоу зэрэдамыщыхэрэм, нэмыкIхэми афэгъэхьыгъэу нэжъ-Iужъхэм гумэкIыгъуабэхэр къаIэтых, гъэIорышIэкIо компаниеу зэпхыгъэхэм адэгущыIэ, ахэмкIи иIэпыIэгъу арегъэкIы.

Анзоррэ ишъхьэгъусэу Иринэрэ сабыитIу зэдапIу. Мыхьамэт я 2-рэ классым щеджэ, Сэтэнай илъэси 4 ыныбжь. Мыхьамэт цIыкIур ятэ полицием Iоф зэрэщишIэрэм щэгушIукIы, «сятэ зэкIэмэ анахь дэгъу, бзэджашIэхэр егъэтIысых», - еIошъ зэкIэмэ ареIо.

Анзор янэ иIэжьэп, ятэу Мурат чылэм дэс, Шэуджэн районым ит спорт еджапIэм идиректорэу ыкIи тренерэу Iоф ешIэ. Илъэс пчъагъэхэм къакIоцI бэнэкIо дэгъухэр ыгъэсагъэх. Ежь Анзори кIэлэцIыкIу IыгъыпIэм къыщегъэжьагъэу ятэ зыдигъэсагъ. Анзор ышнахьыкIэу Аскэр Адыгэ къэралыгъо университетым июридическэ факультет щеджэ, Людмилэ унагъо ис.

Анзор дзюдомкIэ зэнэкъокъухэм ахэлэжьагъ. Къалэхэу Новочеркасскэ, Ростов-на-Дону, Налщык, Мыекъуапэ ащыкIогъэ турнирхэм ахэлэжьагъ, хагъэунэфыкIырэ чыпIэхэр къащыдихыгъэх. Ащ зэрилъытэрэмкIэ, къулыкъушIэу Iоф пшIэ хъумэ спортым узэрэпылъым лъэшэу ишIуагъэ къыокIыжьы. Гуетыныгъэшхо иIэу зыфежьэгъэ Iофыр гъунэм нигъэсэу зэхифыныр шIэнышIу зэрэфэхъугъэм ишIуагъэкIэ иIофшIэн псынкIэ къыфэхъу. Ипшъэрылъхэр дэгъоу зэригъэцакIэхэрэм пае АР-м хэгъэгу кIоцI IофхэмкIэ и Министерствэ ищытхъу тхылъхэр мымакIэу къыфигъэшъошагъэх.

- Илъэсыжъэу икIырэр псынкIагъэп, къиныгъэ. Арэу щытми тиIофшIэнкIэ къытфагъэуцугъэ пшъэрылъхэр зэкIэ дгъэцэкIагъэх. ИлъэсыкIэу къихьэрэр хъяр тфэхъунэу, пшъэрылъыкIэу къытфагъэуцухэрэр къытфэпсынкIэнхэу, мамыр щыIакIэ цIыфхэм яIэнэу, бзэджэшIагъэу зэрахьэхэрэр нахь макIэ хъунэу сыфай. СиIофшIэнкIэ цIыфхэм ренэу сахэт, ахэм сишIуагъэ язгъэкIышъумэ сэркIэ ащ нахь тхъагъо щыIэп. ТапэкIи участковэу Iоф сшIэнэу сыфай, старшэ лейтенант званиер къысатынэу щыт. Илъэс 31-м къыздэхъугъэм сырыраз, тапэ илъыры бэ. Псаунытъэ терэIи, гумэкIыгъо щыIэп, Тхьам ежь зэкIэ къызэригъэзэфэщт.

Полицием иучастковэу Iоф пшIэныр къин, арэу щыт нахь мышIэми, ыгукIэ гъогоу къыхихыгъэм шъыпкъэныгъэ фыриIэу Анзор мэпсэу. Анзор фэдэ цIыфхэр цыхьэшIэгъоу щытых, ахэр нахьыбэ хъухэмэ, тищыIакIэ нэхъои, нэмыси нахьыбэу хэлъыщтых. Псуныгъэ иIэу, ибын-унагъо инасып щымыкIэнэу, иIофшIэнкIэ гъэхъагъэу иIэхэм ахигъэхъо зэпытынэу фэтэIо.

**КIАРЭ Фатим.**

# ЫгукIи ыпсэкIи

● Депутат

**Зилъэпкъ инеущ ыгъэгумэкIэу, ымакъэ чыжьэу зыгъэIоу, ащ идахэ язгъэIорэ ныбжьыкIэу тиIэр макIэп. Непэ зигугъу къэсшIымэ сшIоигъор ХьакIэлI Рустам. Ащ илъэс 30 нахь ымыныбжьыми, лъэгэпIэ гъэнэфагъэхэм анэсын ылъэкIыгъ, общественнэ IофшIэным ылъэныкъокIи зэшIуихырэр бэ.**


ХьакIэлI Рустам

РУСТАМ Мыекъуапэ щэпсэу, илIакъокIэ Улапэ щыщ. Гурыт еджапIэу N2-р къызеухым, Мыекъуапэ къэралыгъо технологическэ университетым ифакультетэу «Финансы и кредит» зыфиIорэм чIэхьагъ. Апшъэрэ еджапIэм истуденческэ коллегие ар хагъахьи, чанэу зыкъыщигъэлъагъоу ригъэжьагъ. КIэлэ ныбжьыкIэ купэу зэхэтхэр спортым пыщагъэхэу, къалэм щызэхащэрэ мэфэкI Iофтхьабзэхэм, зэнэкъокъухэм ахэлажьэщтыгъэх. Ащ дакIоу сэкъатныгъэ зиIэ кIэлэцIыкIухэм алъэныкъокIэ шIушIэн Iофтхьабзэхэу собесым ригъэкIокIыхэрэм чанэу ахэтыгъ.

Университетыр къызеухым, дзэ къулыкъум илъэситI къэтыгъ. Къулыкъур зыщихьыгъэ ВВС-м ыкIуачIи иакъыли ыпсыхьагъэу къыгъэзэжьи, щыIэныгъэм хэгъозэжьынэу ригъэжьагъ. IофшIэпIэ зэфэшъхьафхэм аIутыгъ. Рустам ишIэныгъэхэм ахигъахъомэ шIоигъоу юридическэ гъэсэныгъэ зэригъэгъотыгъ.

КIэлэ ныбжьыкIэр зэресагъэу общественнэ IофшIэнхэм нахь дахьыхыщтыгъ. 2008-рэ илъэсым партиеу «Единая Россия» зыфиIорэм исатырхэм ыкIи кIэкIэу апэрэ ныбжьыкIэ Парламентэу зэхащэгъагъэм ар ахэхьагъ. Республикэм ит общественнэ организациехэм ялIыкIо ныбжьыкIэ 20 Парламентым хэтыгъэр. Мы купыр ныбжьыкIэхэм яIофыгъохэм афэгумэкIыхэу, хэкIыпIэ гъэшIэгъонэу къагупшысыхэрэр тхыгъэхэу депутатхэм арахьылIэхэмэ, хэбзэгъэуцугъэхэм къадыхалъытэу рагъэжьагъ.

- Джа зэпстэури ары депутатэу зыкъэзгъэлъэгъоным сыфэзыщагъэр, - къеIуатэ депутат ныбжьыкIэм. - Красногвардейскэ районымкIэ Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет - Хасэм идепутатэу сыхадзыгъ. ЗэрэсфэлъэкIэу, игъорыгъозэ хэдзыгъо кампанием зэрэзгъэгугъагъэхэмкIэ районым IэпыIэгъу сыфэхъу.

ФедерациемкIэ Советым дэжь щызэхэщэгъэ ныбжьыкIэ хэбзэгъэуцухэм я Палатэ 2013-рэ илъэсым Рустам хэхьагъ. Джащ фэдэу къыткIэхъухьэрэ лIэужьхэм ясоциальнэ IофыгъохэмкIэ, ягушъхьэбайныгъэ ыкIи япатриотическэ пIуныгъэкIэ Къыблэ-урысые парламент ассоциацием (ЮРПА) икомиссие итхьамат. АР-м иныбжьыкIэ Парламент 2014-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу ХьакIэлI Рустам итхьаматэу агъэнэфагъ.

Ащ къызэриIуагъэмкIэ, тиныбжьыкIэхэм дзэ-патриотическэ пIуныгъэр ахэмылъхьэмэ, неущрэ мафэ тиIэщтэп. Непэ анахьэу Рустам зипэщэ парламентыр зыуж итыр псаунытъэм икъэухъумэнкIэ зэрыарар езыхыщт шIыкIэхэр щыгъэзыегъэнхэр ары.

- Ахэр ешъоныр, наркоманиер, тутыныр, - къеIуатэ ащ, - ныбжьыкIэхэр пэIапчъэ зэрэхъущтхэм, зэпахырэ узхэм ащыухъумэгъэнхэмкIэ программэхэр тэгъэхьазырых. Зэпымыоу уплъэкIунхэр ретэгъэкIокIых. МыхъомышIагъэхэр нахь макIэ хъунхэм тыдэлажьэ. Спортым фэщагъэхэу дгъэсэнхэр лъэныкъошхьаIэхэм ащыщ.

Ежь Рустам спортыр ищыIэныгъэ хэпчын умылъэкIынэу хэуцуагъ. Панкратион (шэпхъэ гъэнэфагъэхэр пымылъэу IэкIэ зэзэонхэр) спорт лъэпкъымкIэ ар мэбанэ. СпортымкIэ мастер хъугъэ. АР-м панкратионымкIэ ифедерацие ипащэ игуадз.

- Сыфай силъэпкъ дунаим щызэлъашIэнэу, лъытэныгъэ къыфашIынэу, - еIо ХьакIэлI Рустам. - АщкIэ спортыр зы амалышIухэм ащыщ. Джыдэдэм ныбжьыкIэхэм азыфагу спорт лъэпкъ анахь цIэрыIохэм панкратионыр ащыщ. ЗэIукIэгъухэр зэпымыоу Интернет сайтхэм къырагъахьэх. «Адыгеим иклуб ибэнакIохэр анахь лъэшых» комментаторым къыIо зыхъукIэ урымыгушхон плъэкIырэп.

ИлъэсыкIэм ипэгъокIэу тизэдэгущыIэгъу тефагъ нахь мышIэми, политикэм ылъэныкъокIэ дунаим щыхъурэ-щышIэхэрэм гумэкIыгъоу тызыхадзэхэрэм талыIэсыгъ. Ахэм тикъэралыгъуи къаухьанэу хъурэп. Джащ фэдэ бырсырхэм апэчыжьэ тыхъунэу, зэрэдунаеу мамырныгъэрэ зэгурыIоныгъэрэ илъынхэу депутат ныбжьыкIэр къафэлъэIуагъ. Тэ тиреспубликэкIэ зыкъэбгъазэми, илъэсыкIэу къихьащтым рэхьатныгъэу, зэгурыIоныгъэу лъэпкъэхэм азыфагу илъыр нахь пытэнэу, демографием изытет хэхъо зэпытынэу Рустам закъыфегъазэ.

**IЭШЪЫНЭ Сусан.**

● Гъуазджэ

# КъэувыIэ щыIэкъым


Джатэгъэжь Залым

**Къэбэрдей-Балъкъэрыр къулейщ гъуазджэм, щэнхабзэм, нэгъуэщI унэтIыныгъэхэм къыхэжаныкI, къэралым, нэгъуэщI щIыпIэхэм щекIуэкI зэхыхьэхэм зи зэфIэкI щызыгъэлъагъуэ щIалэгъуалэ жыджэрхэмкIэ. Къапщтэмэ, зэмыфэгъуу зэхэухуэна гъащIэм и щэхухэм, абы и плъыфэхэм нэгъуэщIынэкIэ еплъ, щIыуэпсым и дахагъэр, дунейм и щытыкIэхэр нэхъ щхъуэкIэплъыкIэу зыхэзыщIэхэм ящыщщ гъуазджэм, щэнхабзэм я цIыхухэр. Апхуэдэу ди гуапэу фыдогъэцIыху мы тхыгъэр зытеухуа сурэтыщI Джатэгъэжь Залым.**

РЕСПУБЛИКЭМ и сурэтыщI Iэзэ Джатэгъэжь Александр и унагъуэм 1986 гъэм накъыгъэм и 8-м къихъуа щIалэр, зэрыгурыIуэгъуэщи, гъуазджэм щIапIыкIащ. Залым и ныбжьыр илъэситху хъууэ арат дыгъэ къухьэгъуэр къыщигъэлъэгъуа и япэ сурэтыр щищIам. Гъуазджэм апхуэдэу пасэу дихьэха щIалэм щапхъэгъэлъагъуэ хуэхъуа и адэм и лъагъуэм ирикIуэжыну мурад ищIри, Налшык дэт ДизайнымкIэ и колледжым щIэтIысхьащ. КъызэрыщIэкIамкIэ, сурэтыщIым а лъэбакъуэр угъурлыуэ икIи захуэу ичат.

А еджапIэр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, 2009 гъэм щыщIэдзауэ КъБР-м къыщызэрагъэпэщ гъэлъэгъуэныгъэхэм Джатэгъэжь Залым и лэжьыгъэхэр мызэ-мытIэу хигъэхьащ. 2013 гъэм щIалэм и зэфIэкI щигъэлъэгъуащ Санкт-Петербург къалэм «Анатомия зла» темэмкIэ къыщызэрагъэпэща „Бараонда-13“ зэпеуэм. Дызэрыт илъэсым Джатэгъэжьыр хэтащ Тэтэрстаным и Елабугэ къалэм и къэрал музей-заповедникым иджырей гъуазджэмкIэ щекIуэкIа «Великий шёлковый путь» X дунейпсо арт-симпозиумым. Абы щIыналъэ куэдым икIа сурэтыщI ныбжьыщIэхэм дунейр зэралъагъур къыщагъэнэIуащ. КъищынэмыщIауэ, 2015 гъэм къызэрагъэпэща «Таврида» урысейпсо щIалэгъуалэ зэхуэсышхуэм ди республикэм и цIэкIэ хэтащ.

Джатэгъэжьым зэрыжиIэмкIэ, гъуазджэм зритынымкIэ къыхуэщхьэпащ Аруан щIыналъэм хыхьэ, щIыуэпс къулей зиIэ Нарткъалэ къызэрыщыхъуар, и сабиигъуэр а щIыпIэм зэрыщигъэкIуар. Сурэт щIыным нэхъыбэу хуэзыгъэушу къилъытэм и гугъу пщIымэ, ар макъамэращ. Аращ художник щIалэм гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ къезытыр.

Залым и лэжьыгъэхэр Iупщlщ, щIэщыгъуэщ, удэзыхьэхщ. Абыхэм къыщыгъэлъэгъуащ и Хэкур, абы хуиIэ лъагъуныгъэр, гъэм и зэманхэм я теплъэ дахэхэр, дыгъэ къыщIэкIыгъуэмрэ къухьэжыгъуэмрэ, щIыуэпсым и къулейгъэр, дунейм и щытыкIэхэр… Мы зэкIэ и Iэдакъэ къыщIэкIа сурэт купщIафIэхэм гъащIэм и пэжыр я лъабжьэщ, ауэ езым зэрыжиIэмкIэ, цIыхухэм я гупсысэм зезыгъэхъуэжынухэри дяпэкIэ ищIыну и мурадщ.

- ДизайнымкIэ колледжым сыщыщеджам зыужьыныгъэфI згъуэтами, зэпымыууэ си щIэныгъэм зэрыхэзгъэхъуэным, си IэщIагъэр зэрезгъэфIэкIуэным иужь ситщ. Абы и лъэныкъуэкIэ псом хуэмыдэу фIыщIэр зейр си егъэджакIуэ Тураев Рустамщ, - жеIэ Залым. – ЗыIэрыбгъэхьа ехъулIэныгъэм арэзы утехъуэу укъэувыIэж хъунукъым. ЩIэм умылъыхъуэу уи пIэм уиуджыхькIэ лъагапIэм унэсынукъым. КомпьютеркIэ сурэтхэм сызэрелэжьыр психологиер джыным сызэрыдахьэхыр дэIэпыкъуэгъу къысхуэхъуащ. Урысейм, хамэ къэралхэм я сурэтыщI цIэрыIуэхэм я лэжьыгъэхэр спэгъунэгъущ. Къэбгъэлъагъуэмэ, урыс сурэтыщI цIэрыIуэхэу Коровин Константин, Серов Валентин, Поленов Василий, франджыхэу Моне Клод, Ренуар Пьер, Буше Франсуа, нэгъуэщIхэми я лэжьыгъэхэр, я Iуэху бгъэдыхьэкIэхэр сэркIэ щапхъэщ.

Джатэгъэжь Залым и мурадщ и IэдакъэщIэкIхэр щызэхуэхьэса щхьэзакъуэ еплъыныгъэ илъэс гъунэгъухэм къызэригъэпэщыну.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

● Япэ лъэбакъуэ

# Сыжажэ Азэмэт и жэрдэмхэр


Сыжажэ Азэмэт

**УФ-м, ди республикэм я унафэщIхэм ирагъэкIуэкI политикэм и унэтIыныгъэ нэхъ инхэм ящыщщ щIалэгъуалэм я жыджэрагъыр къэIэтыныр, ар къэрал, жылагъуэ Iуэхухэр зэфIэхыным хэшэныр. Ди щIыналъэм и къэкIуэнур щIалэгъуалэм яIэ гупсысэмрэ я Iуэху зехьэкIэмрэ зыкъомкIэ зэрелъытар белджылыщ, IуэхуфI куэдкIэ узыщыгугъ хъуну ныбжьыщIэ акъылыфIэхэр, жыджэрхэр дызэриIэм дрогушхуэ. Апхуэдэ щIалэхэм ящыщщ IуэхуфI куэдрэ цIыху цIэрыIуэкIэ къулей Зеикъуэ адыгэ къуажэжьым къыщалъхуа Сыжажэ Азэмэт Ибрэхьим и къуэр.**

ИЛЪЭС 31-рэ фIэкIа мыхъуами, Сыжажэм гъащIэм увыпIэ хэха щызыIэригъэхьащ, щIэныгъэм, IэщIагъэм я лъагапIэ пыухыкIахэм нэсу. Азэмэт КъБКъУ-м и инженер-техникэ къудамэм щрегъаджэ, «Квалитет» ООО-м и унафэщIщ.

Апхуэдэ ехъулIэныгъэхэм я къежьапIэр здэщыIэр, дауи, Азэмэт щалъхуа, щапIа унагъуэрщ, абы сыткIи щапхъэ хуэхъуу иIа и адэ Ибрэхьимщ, ноби зи жьауэм щIэт и анэ Мадинэщ. Лэжьыгъэм зэпыIуамыдзу, щIэныгъэм хуэнэхъуеиншэу къэгъуэгурыкIуа, къалэн къыщащI Iуэхухэр нэсу, никъусаныгъэншэу зэфIэхыныр зи гъащIэ мардэ нэхъыжьхэм я щапхъэр гъуазэ яхуэхъуащ Азэмэти, абы и къуэш и шыпхъухэми. Къуажэм дэт курыт школ №3-м щыщеджа илъэсхэм ар нэхъыщIэхэм я щапхъэу щытащ, еджэным къызэрыхэжаныкIым къыдэкIуэу, классщIыб лэжьыгъэми жыджэру хэтт. Нэхъыбэу дэзыхьэх предметхэм ящыщт есэпыр, адыгэбзэмрэ литературэмрэ. Абы игу къызэригъэкIыжымкIэ, егъэджакIуэфIым и щапхъэ Шыгъушэ Хьэбас адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и дерсхэр псом хуэмыдэу гукъинэ щыхъуащ. Лъэпкъ щэнхабзэмрэ литературэмрэ хуиIэ щытыкIэ щхьэхуэм ахэр и къежьапIэу къелъытэ.

Сыжажэм курыт еджапIэр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, КъБКъУ-м щIэтIысхьэри, инженер IэщIагъэр зригъэгъуэтащ. Абы студент илъэсхэр купщIафIэу ирихьэкIащ. Инженер-техникэ къудамэм и профсоюз студент зэгухьэныгъэм и Iэтащхьэу щытащ. А зэманым къыщыщIэдзауэ Азэмэт къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр иригъэкIуэкIырт, ахэр утыку ирихьэрт, щIэныгъэ тхыгъэхэр журналхэм къытрырigъадзэрт.

2006 гъэм университетыр къиухри, «Архитектурное проектирование» кафедрэм щIэныгъэлI ныбжьыщIэр егъэджакIуэу къащтащ. И щIэныгъэм хэзыгъэхъуэну щIэхъуэпс адыгэ щIалэр аспирантурэм щIэтIысхьащ, «Технология машиностроения» унэтIыныгъэмкIэ и кандидат лэжьыгъэм яужь итщ.

- ЕгъэджакIуэ сыхъунми щIэныгъэм нэхъ кууэ зестынми сытезыгъэгушхуар факультетым и унафэщI Батыр Умарщ, - жеIэ Сыжажэм. - Ар си щIэныгъэ унафэщIу згъэзэщIа кандидат лэжьыгъэр мыгувэу диссертацэ советым я пащхьэ ислъхьэну си мурадщ.

Азэмэт иригъэкIуэкI къэхутэныгъэхэм къыхуахьа ехъулIэныгъэхэм ящыщщ 2012 гъэм щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я зэхьэзэхуэу КъБКъУ-м щекIуэкIам 2-нэ увыпIэр къызэрыщихьар. А гъэ дыдэм Сыжажэр щытекIуащ Москва и правительствэм илъэс къэскIэ иригъэкIуэкI «100 лучших инноваторов» зэпеуэм икIи къалащхьэм ираджэри ягъэлъэпIащ, щIыхь тхылъымрэ грантым къыпэкIуа мылъкумрэ кърatыжащ.

ЩIэныгъэ-техникэ и лъэныкъуэкIэ IуэхущIапIэ мыинхэм зауэжьыным щIэгъэкъуэн хуэхъуу Москва щыIэ фондым илъэс къэскIэ ирегъэкIуэкI унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ зэхьэзэхуэ. «Старт» зыфIаща апхуэдэу зэпеуэм Сыжажэр зи пашэ гупым ягъэхьэзыра проектыр нэхъыфIхэм ящыщу мы гъэм къыщалъытащ, икIи сом мелуан къызыпэкIуэ грантыр къахьащ.

ЩIэныгъэм дихьэх ныбжьыщIэхэм я къэхутэныгъэхэр щагъэлъэгъуэну Iэмал къезыт апхуэдэ IуэхущIапIэ зыбжанэ КъБКъУ-м къегъэщIылIауэ мэлажьэ. Апхуэдэхэм языхэз «Квалитет» ООО-р Азэмэт и жэрдэмкIэ къызэрагъэпэщащ икIи абы и унафэм щIэту илъэс зыбжанэ хъуауэ мэлажьэ.

Сыжажэ Азэмэт и ехъулIэныгъэхэр гулъытэншэу къэнакъым. 2012 гъэм щIэныгъэлI ныбжьыщIэр хагъэхьащ «КъБР-м и Дыщэ фондым».

IуэхущIафэ дахэ зиIэ щIалэм унагъуэ дахи иухуащ. Абы и щхьэгъусэ Ленэ медицинэ колледжым биологиемкIэ щрегъаджэ, и кандидат диссертацэм жыджэру йолэжь. УнагъуэщIэм къащIэхъуа сабиитIым нэхъыжьхэм я гъащIэр нэхъри IэфI къыщащI, ягухэр ягъэин.

Зи къаруи, зэфIэкIи, щIэныгъи, Iэзагъи IуэхуфIхэм тегъэпсыхьауэ зи лъагъуэ хэзыш Сыжажэ Азэмэт и мурадхэр къехъулIэу, щIэныгъэм, жылагъуэ лэжьыгъэм я лъагапIэщIэм нэсу, унагъуэ насып щымыщIэу куэдрэ псэуну ди гуапэщ.

**ЩОДЖЭН Iэминат.**

# Къафэм насыпыфIэ сещI

**И гумрэ и псэмрэ къыдыхьэ Iуэху зыщIэр абы епсыхь. Ар нэрылъагъу къыпщызыщI цIыхухэм ящыщщ «Кабардинка» академическэ къэфакIуэ гупым илъэс куэд хъуауэ хэт Сокъур Мадинэ. Абы зэрыжиIэмкIэ, къафэм и дуней телъыджэм къыхэхута нэужь, гъащIэм зэреплъыкIэмрэ и мурадхэмрэ зыкъомкIэ захъуэжащ. ГъэщIэгъуэнракъэ, Мадинэ къафэм хуиIэ лъагъуныгъэр хуэм-хуэмурэ зэтеувакъым, атIэ зэуэ дихьэха хъуащ.**


Сокъур Мадинэ

- СЫЩЫЦIЫКIУМ сыкъафэу щытакъым, уеблэмэ сехъуапсэртэкъым сыкъэфэнуи. Балигъ сыхъуа нэужьщ сыщыдихьэхар, илъэс 17-м ситу. Си ныбжьэгъу хъыджэбзым «къафэм дыхэгъэхьэ» жиIэри, Атэбий Игорь зи унафэщI «Кавказ» къэфакIуэ гупыр щылажьэм декIуэлIауэ арат. 1995 гъэм а гупым сыхагъэхьащ. ИужькIэ, 1999 гъэм «Кабардинка»-м сыкъыщыфэу щIэздзащ. Ди унагъуэм къэфакIуи, уэрэджыIакIуи, уеблэмэ щэнхабзэм епха IэщIагъэ зиIи искъым. Си адэ-анэм яфIэфIтэкъым сыкъэфэну. Ауэ сэ къафэм сыдихьэхыщати, схухыфIэдзэжакъым. Сэ къафэм насыпыфIэ сещI,- жеIэ Мадинэ.

Мадинэ и лэжьыгъэр фIыуэ щIилъагъу щхьэусыгъуэхэм ящыщщ ансамблым хэтхэр зэрызэхуэгуапэр. ИкIи зэрыжиIэмкIэ, ар нэхъыбэу зи фIыгъэр ансамблым и унафэщI Атэбий Игорщ. Гупыр куэдрэ гъуэгу зэдытехьащ, зэсащ, зы унагъуэ дахэм хуэдэу зэхэтщ.

- «Кабардинка»-м сыхэту япэ дыдэу сызэдэкIуар Сингапурщ. Абы къыкIэлъыкIуащ Германиер, США-р, Алжирми дыщыIащ. Дигу хэхъуэу дыхэтащ 2014 гъэм Сочэ щекIуэкIа ЩIымахуэ Олимп Джэгухэм.

Адыгэ къафэм и хабзэхэр апхуэдизкIэ зэгъэкIуащи, цIыхум и Iэпкълъэпкъым и закъуэкъым ипсыхьыр, атIэ и гупсыси, и зыIыгъыкIи, уеблэмэ и псэлъэкIэми зрегъэхъуэжыф.

- Укъыщыфэм деж уи псэр хьэуа къабзэм щыхуарзэ хуэдэщ, дамэ къыптокIэ. Сытым дежи уи щхьэр лъагэу уегъэIыгъ къафэм. Утыкум ущитым, къалэ уэрамхэм ущрикIуэм деж адрей цIыхухэм зыгуэркIэ уакъыхэщхьэхукIыу къыпщохъу. Къафэм игъэзащIэу къыщIэкIынущ уигъэгушхуэн къалэнри,- жеIэ ди псэлъэгъум.

Къафэм апхуэдизу зи гур ета бзылъхугъэм и жагъуэ мэхъу абы и хабзэхэр ямыгъэзащIэмэ.

- Иджыпсту куэдрэ урохьэлIэ адыгэ къафэм къемызэгъыу зыщащI. Ар емыкIущ. Ауэ нэгъуэщI зы лъэныкъуи хэлъщ мы Iуэхум: гуфIэгъуэхэм къафэр зи IэщIагъэхэр ирагъэблагъэ хъуащи, ахэр утыку къихьа нэужь, адрейхэр къэфэну тегушхуэжыркъым. Ар сфIэтэмэмкъым,- жеIэ.

Адыгэ къафэм и пкъыгъуэ нэхъыщхьэщ утыку укъызэрихьэ фащэр. Къафэм и хьэлымрэ фащэм и теплъэмрэ зэрызэхуэкIуэм куэд елъытащ. Сокъур Мадинэ зэрыжиIэмкIэ, игу ирохь ХьэцIыкIу Мадинэ, Хъурей Жаннэ сымэ ансамблым хуад фащэхэр.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

● Кавказым и дыщэ макъ

# КъэшъуакIоу орэдыIо хъугъэр



**Янэ-ятэхэр кIэщакIо фэхъухи, адыгэ къэшъоkIо ансамблэм Быщтэкъо Азэмат хэхьагъ. «Мыекъуапэ инэ фы лъэхэм» зыщигъасэзэ, адыгэ музыкальнэ Iэмэпсымэхэу пщынэм, пхъэкIычэм, шъонрыпым, нэмыкIхэм апыщагъэ хъугъэ. Нысащэхэр зэрищэхэзэ, орэдыIомэ адежъыузэ иныбджэгъухэм ащыщ къызеушъыим орэд къыIоу фежьагъ.**

ШIУЛЪЭГЪУМ фэгъэхьыгъэ апэрэ орэдэу дискым тыритхагъэр щыгъупшагъэп, ау ирепертуар хигъэхьажьырэп. Къэбэртэе-Бэлъкъарымрэ Адыгэ Республикэмрэ язаслуженнэ артистэу Быщтэкъо Азэмат къыдигъэкIыгъэ дискхэм гум иорэд хъугъэхэу ахэтыр бэ.

- ЗэкIэ сиорэдхэр сшIогъэшIэгъоных, аужрэ илъэсхэм тестхагъэхэм къахэсэгъэщых Тхьабысым Умарэ иорэдэу «Си Адыгееу, сихэку» зыфиIорэмрэ Андзэрэкъо Чеслав ыусыгъэу «Тэ укIорэ, си Гуагу, къэгъэзэжьымрэ». Орэдым хэлъ гупшысэхэр журналистэу ХьакIэмызэ Сусанэ къыситыгъэх, ахэр ятэу Бэгъ Нурбый ытхыгъэх. Усэр лъэшэу сшIогъэшIэгъон.

- Сшыпхъум фэдэу сэгъэлъапIэ Нэгъуцу Саидэ, - тизэдэгущыIэгъу лъегъэкIуатэ Быщтэкъо Азэмат. - Ащ къыситыгъэ орэдхэу «Си дэхэцIыкIу», «Зымыгъэгус, зымыгъэсэхъу» зыфиIохэрэр. Нэчэс Анжеликэ, Къэбэртэе-Бэлъкъарым иусакIохэм садэлажьэ, орэдыкIэхэм тамэ ястын симурад.

Кавказым щыпсэурэ лъэпкъхэм ямузыкальнэ искусствэ къэзыгъэлъэгъорэ телеканалэу «Я 9-рэ волнам»Урысыем щеплъых. Тхьэмафэ къэс орэдэу нахь агу рихьыгъэр къыхагъэщы. 2014-рэ илъэсым гъогогъу 37-рэ Быщтэкъо Азэмат апэрэ чIыпIэр къыфагъэшъошагъ. 2015-рэ илъэсым Тхьэмэфэ 45-м апэрэ чIыпIэр къыщыдихыгъ. Аужрэ мазэхэм нахь къахагъэщырэр Н. Бэгъымрэ Ч. Анзэрэкъомрэ зэдаусыгъэу «Тэ укIорэ, си Гуагу, къэгъэзэжь»зыфиIорэр ары.

А. Быщтэкъом иконцертхэр джырэблагъэ Налщык, Владикавказ ащыкIуагъэх. КъэшъуакIор орэдыIо цIэрыIо зэрэхъугъэр ятэу Сыхьатыйрэ янэу Мелэчхъанрэ къащыублагъэу къалэхэу Рязань, Ярославль, Мурманскэ ащыщхэм, нэмыкIхэм агъэшIагъо. Республикэ гимназиер, Мыекъуапэ къэралыгъо технологическэ университетыр къыухыгъэх. Ятэ Пщыжьхьаблэ щыщ.

- Адыгэ орэды, адыгэ хабзэр цIыфхэм амышIэхэу сIорэп. ТапэкIи нахь дахэ зэрэхъущтхэм лъэпкъ зэфэшъхьафхэм зэралъызгъэIэсыщтхэм сыпылъ. КонцертыкIэу згъэхьазырыгъэр шIэхэу сценэшхом щалъэгъущт, - къытиIуагъ Быщтыкъо Азэмэт. - КъысэдэIухэрэм, ситворчествэ зышIогъэшIэгъонхэм гъунэ имыIэу сафэраз. ИлъэсыкIэм пае сафэгушIо.

**ЕМТIЫЛЪ Нурбый.**
*Сурэтым итыр:* **Быщтэкъо Азэмат.**

● Искусствэмрэ лъэпкъ гупшысэмрэ

# КъэIокIэ хэхыгъэ къегъоты

**Зэлъэпкъэгъухэм яорэдыIо цIэрыIоу Дзыбэ Мыхьамэт сценэм къызытехьэкIэ къашъом хилъасэрэп, пчэгур рикIукIырэп. Арэу щытми, искусствэм зыкъыщигъотын ылъэкIыгъ.**

«ЗЫГОРЭ искусствэм къыщызэхъугъэу цIыфхэм алъытэмэ, сафэраз, - еIо Хьатыгъужъыкъуае щапIугъэ нарт шъаоу Дзыбэ Мыхьамэт. - ОрэдыкIэхэм ямызакъоу, тикомпозиторхэм аусыгъэхэр къэсIощтых».

Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо филармоние тыгъэгъазэм и 24 - 25-м концертитIу М. Дзыбэм къыщитыгъ. ТIысыпIэ нэкI залым имыIэжьэу пчыхьэзэхахьэхэр кIуагъэх. Концертыр зезыщагъэхэу Адыгеим изаслуженнэ журналистэу ТIэшъу Светланэрэ артистэу Мэкъулэ Руслъанрэ зэрэхагъэунэфыкIыгъэу, концертым цIыфхэр къыращэлIэнхэм фэшI Дзыбэ Мыхьамэт мэкъэгъэIубэ ищыкIагъэп.

Орэд пэпчъ къэIокIэ хэхыгъэ къызэрэфигъотырэр тигуапэу къыхэтэгъэщы. «Дахэ, сидунай», «Сикъуадж», фэшъхьафхэм икIэрыкIэу жьы къарегъущэжьы.

Лэшэпсынэ фэгъэхьыгъэр къызыхидзэкIэ, едэIухэрэм Лэшэпсынэ имызакъоу, якъоджэ гупсэхэр анэгу къыкIагъэуцо, артистым дежъыух. Нэчэс Анжеликэрэ Мыхьамэтрэ зэгъусэхэу орэдыр кIырагъэщы зыхъукIэ, ЛIыбзыу Аслъан пщынэр ыгъэбзэрабзэу зыфежьэкIэ, искусствэр зыгъэлъапIэу концертым едэIухэрэм гухахъоу зэхахьэм хагъуатэрэр къиIотыкIыгъошIоп.

Дзыбэ Мыхьамэт зыщыщ лIакъом фольклорыр щагъэлъапIэ, ятэ ижъырэ къэбарэу гущыIэ щэрыоу къыIуатэхэрэм уямызэщэу уядэIу. Янэу Марыет тызэрэщигъэгъозагъэу, искусствэр унагъом гъомылапхъэм щыфа-


Дзыбэ Мыхьамэт

гъадэ. Мыхьамэт ишъаорэ ипшъашъэрэ концертым къыщэшъох.

Адыгэ Республикэм ипщынаохэм яфестиваль-зэнэкъокъухэм Дзыбэ Мыхьамэт апэрэ чIыпIэр къащыдихэу зэп къызэрэхэкIыгъэр. Ары, пщынаоу ригъажьи, орэдыIо цIэрыIо хъугъэ. ЫшнахьыкIэхэу Анзор, Азэмат, Айтэч пчэгум къыдытехьэхэшъ къыдежъыух, пчыхьэзэхахьэр къагъэдахэ. Тиреспубликэ имэфэкIхэм М. Дзыбэр ахэлажьэ. ШэнышIу ар фэхъугъэшъ, уелъэIун ищыкIэгъахэп. ШIушIэ пчыхьэзэхахьэхэр блигъэкIыхэрэп. ГукIэ республикэм фэлэжьэрэ Дзыбэ Мыхьамэт IэкIыб хэгъэгухэм ащашIэ. 2016-рэ илъэсым телъытэгъэ гухэлъхэм лъэпкъ гупшысэр ахэлъ. Налщык, Щэрджэскъалэ, фэшъхьафхэм къащитыщт концертхэм цIыфхэр ягуапэу зэряплъыщтхэм тицыхьэ телъ.

**НУРЫБЭ Сэхьид.**
*Мыекъуапэ къалэ*

● Ди хьэщIэщым


Нэчэс Анжеликэ

# Зэлъэпкъэгъухэм ялъэмыдж орэпытэ!

**ОрэдыIоу, орэдусэу, Адыгэ Республикэмрэ Къэрэщэе-Щэрджэсымрэ язаслуженнэ артисткэу Нэчэс Анжеликэ уIукIэныр, гущыIэгъу уфэхъуныр Iоф къызэрыкIоп. Уахътэр зэрэфимыкъурэр зыдешIэжьышъ, нэплъэгъу закъокIэ къыуиIорэм гупшысабэ хелъхьэ**

- СЫКIЭЛЭЕДЖАКIОЗЭ орэд къэсIоныр сыгу рихьыщтыгъ, ау сэнэхьат сфэхъущтми сшIэгъахэп, - къеIуатэ Нэчэс Анжеликэ. - Сянэ-сятэхэм къысаIорэм седэIущтыгъ.

**- Адыгэ къэралыгъо университетым экономикэмкIэ ифакультет учIэхьагъ, дэгъу дэдэу ущеджагъ. ШIэныгъэу зэбгъэгъотыгъэр щыIэныгъэм щыпхырыпщы пшIоигъоу IофшIапIэм уIухьэгъагъ...**

Пшъэшъэ нагъоу Анжеликэ мэщхы, нэшIукIэ къысэплъы. Джэнэ плъыжь дахэу щыгъыр нэфынэм зэрэпэшIэтырэм титIуи гу лъыттагъ.

- Экономикэм упылъыныр сэнэхьат дэеп. Купэу узыхэтым, цIыфхэм ящыIэныгъэ къырыкIощтым уягупшысэ. Ащ дакIоу, гур дэзыхьыхырэм зыщыудзыеныр къысфегъэкIугъэп.

**- Уиапэрэ орэдхэр сщыгъупшагъэхэп. Ори ахэр къэошIэжьых. ТатегущыIэ пшIоигъуа?**

- Дискхэм атетхагъэхэу цIыфхэр зэдэIухэрэр нахь сэгъэлъапIэх.

**- ГущыIэхэри, орэдышъори о уиехэу орэдыбэ къэоIо.**

- Ахэр шIулъэгъум, уахътэу тызыхэтым афэгъэхьыгъэх. Гум илъыр тхьапэм зытептхэкIэ мэкъамэхэр нахь IэшIэхэу къэогъотых.

**- «Чэщ мэзах», «Негодяй», «Оры сиер», фэшъхьафхэри жъыхъухэрэп. Ахэр Дзыбэ Мыхьамэт, нэмыкI артист цIэрыIохэм къаIох, шъуузэгъусэу концертхэм шъуахэлажьэ.**

- Дзыбэ Мыхьамэт, Быщтэкъо Азэмат, нэмыкIхэм орэд къадэсIоныр сикIас. ОшIа, уиорэд тамэ езытырэм, къыбгоуцоу уитворчествэ лъызыгъэкIуатэрэм нэмыкI нэхэмкIэ уеплъы.

**- Уянэ-уятэхэр синэIуасэх, сатыум пылъых, Мыекъуапэ сащыIокIэ. Пщыпхъухэу Фатимэрэ Ларисэрэ бэрэ сэлъэгъух. УиорэдыкIэхэм зэкIэми апэу ябгъэдэгъухэрэр пшыпхъухэр арых.**

- Сшыпхъухэм псынкIэу сагурэIо. УпчIэжьэгъу зэрэсшIыхэрэм фэшI сыкIэгъожьэу къыхэкIыгъэп. *(Анжеликэ шъабэу мэщхы. **Е. Н.**).*

**- Уиконцертхэр Адыгеим, Къэбэртэе-Бэлъкъарым, Къэрэщэе-Щэрджэсым, Краснодар краим, тилъэпкъэгъухэр зыщыпсэурэ хэгъэгухэм ащэкIох.**

- IофшIагъэу артистым иIэр концертхэм ащызэфежьысыжьы. Искусствэм ишIуагъэкIэ тэ, зэлъэпкъэгъухэм, нахьышIоу тызэлъэIэсыжьы. Налщык, Щэрджэскъалэ, Тыркуем, Израиль, нэмыкIхэм уиорэдхэр къащаIоу зызэхэпхыкIэ огушIо. Анахьэу гур зыIэтырэр тиадыгабзэ дунаим зэрэщыIурэр, тишэнхабзэхэр къызэрэтыухъумэхэрэр ары.

**- Анжелика, аужрэ илъэсхэм адыгэ фольклорым, тикомпозиторхэм аусыгъэ орэдхэр нахьыбэрэ къапIохэу ебгъэжьагъ. Сыда ащ ублапIэ фэхъугъэр?**

- Адыгэ ижъырэ орэдхэр купкIэу яIэмкIэ баих. «Си Къэсэй» сэщ нэмыкI артистхэм яреперутар хэтыми, сэри дискым тестхагъ. Тхьабысым Умарэ, Натхъо Джанхъот нэмыкIхэм яорэдхэр цIыфхэм нахьыбэрэ зэхахынхэ фае. Тикъош республикэхэм ащаусырэ орэдхэри сигуапэу къэсэIох, тапэкIи къэсIощтых. Къэрэщэе-Щэрджэсым щытхъуцIэ къысаусыгъ, Къэбэртэе-Бэлъкъарым ныбджэгъоу, нэIуасэу щысиIэр макIэп.

**- Адыгэ Республикэм и Лъэпкъ театрэу, Цэй Ибрахьимэ ыцIэкIэ щытым испектаклэхэм уяплъы зыхъукIэ анахьэу угу къибгъанэ пшIоигъор къытаIоба.**

- «ЛIышIэжьым» бэмышIэу сеплъыгъ. Залым чIэсыгъэхэм нэпсыр къяхэу слъэгъугъэ. Ащ фэдэ къэгъэлъэгъонхэри тищыкIагъэх, ау шъэбагъэ зыхэлъ гупшысэхэр, шэнхабзэхэр зыпсыхьэхэрэр нахь къыхэсэхых.

**- Уигухэлъ благъэхэр сыд фэдэха?**

- ОрэдыкIэхэм Iоф адэсэшIэ, концертхэм сахэлэжьэщт. ИлъэсыкIэм лъэпкъ зэфэшъхьафхэм салъыIэсызэ, ситворчествэ щылызгъэкIотэщт зэлъэпкъэгъухэм ялъэмыдж дгъэпытэ сшIоигъу.

**- ШIоу щыIэр къыбдэхъунэу пфэтэIо.**

- Тхьауегъэпсэу.

**ДЫКЪУЭ Хьисэ.**

КъШР

● Гъуазджэ

# Лъэмыж

**Гъуазджэм и Iыхьэ нэхъ гъэщIэгъуэнхэм ящыщщ театрыр. Абы цIыхупсэр егъэпIейтей, гупсысэ зэхуэмыдэхэм къыхуегъэуш. Ижь-ижьыж лъандэрэ лъэпкъыжьхэм ящIэрт театр гъуазджэм къару гуащIэ зэрыхэлъыр. Ди нобэми театрым зэрехьэ лъэпкъым и гупсысэр.**

Лъэпкъ театрым и лэжьыгъэр ипэкIэ зыгъэкIуатэхэм ящыщщ куэдкIэ дызыщыгугъ артист ныбжьыщIэ Дамэлей Къазбэч. Ар 2005 гъэм къыщыщIэдзауэ щолажьэ Шэрджэс къэрал драмэ театрым.

Дамэлейр 1986 гъэм Хьэбэз къуажэм къыщалъхуащ, ноби адэжь пщIантIэр щIалэм и псэупIэщ. Къазбэч щолажьэ Акъ Мухьэрбэч и цIэр зезыхьэ театрым. Ар хабжэ щIалэгъуалэ зэчииифIэхэм.

Дамэлейм зэрыжиIэмкIэ, театрым зэрыкIуэнур щысабийм щыгъуэ наIуэ щыхъуат. Абы запищIыж зэпытт я гъунэгъу лIыжь-фызыжьхэм. И къуэшымрэ езымрэ гушыIэрт. КъинэмыщIауэ, курыт еджапIэм щыщIэсами Къазбэч КВН-хэм хэт зэпытт, абдежхэми роль зэхуэмыдэхэр щигъэзащIэрт.

Дамэлейм IэщIагъэ хуэхъунур къызэрыхихам теухуауэ мыращ жиIэр:

- 11-нэ классым сыщыщIэсым сщIэрт IэщIагъэ схуэхъуну сызыхуейр. Е журналистикэм зестыну е актёрхэр щрагъаджэм сыкIуэну си мурадт. Ауэ унагъуэ «хасэм» мурад щащIащ дзэм елэжь дохутыр сащIыну, - гушыIэу игу къегъэкIыж Къазбэч.

Медицинэ колледжым щIыхьа нэужь, Дамэлейр пылъащ и хъуэпсапIэр игу иригъэкIыну. Ауэ ар етIуанэ курсым щеджэу, актёр хъун къилъыхъуэу колледжым къеблэгъауэ щытащ шэрджэс театрым и лэжьакIуэ Абдокъуэ Маталио. ИкIи Къазбэч хузэфIэкIынум еплъыну театрым ирегъэблагъэ.

- ЯпэхукIэ си еджэныр нэхъапэу, театрыр «сыдэзыхьэх Iуэху» хуэдэу хъуат. Ауэ зэманым къигъэлъэгъуащ театрыр сэркIэ нэхъапэу зэрыщытыр, - жеIэ Къазбэч.

ЩIалэм игу къегъэкIыж театрым зэрыщылажьэр я дежхэм занщIэу зэраримыгъэщIар. КъащIа нэужьи унагъуэр гуфIэщауэ пхужыIэнутэкъым. Ауэ, щIалэм и ехъулIэныгъэхэр щалъагъум, я гур псэхужащ.



Дамэлей Къазбэч

Дамэлейр зыхуэткIийщ творчествэ и лъэныкъуэкIэ. ИгъэзащIэ ролхэм зэи арэзы техъуэркъым: и образым нэхъыфIу зыгуэр хилъхьэфыну, химылъхьэу къэнауэ къыщохъу сыт щыгъуи.

- Зэзэмызэ репетицэхэм деж зыгуэр къыщыздэмыхъукIэ, «щхьэ сыкIуат, мыр сысей-тIэ?!» жысIэу щытыкIэ соувэ. Ауэ иужькIэ къыщызэхъулIэжкIэ, «сыту фIыуэ театрыр си Iэпэгъу хъуа» жызоIэж, - къыддогуашэ актёрыр.

Къазбэч нэхъыбэу щыджэгу хабзэщ комедиехэм. Ауэ иужьрей зэманхэм и зэчийр трагедиехэми къыщегъэлъагъуэ. Езым зэрызиумысыжымкIэ, комедие образхэр нэхъ фIэфIщ, ауэ иужьрейуэ зыщыджэгуа трагедием нэхъапэм зыхимыщIа щытыкIэхэми и псэр иригъэуващ.

- Иужь дыдэу къэдгъэлъэгъуа «Нысэ» трагикомедием си ролым (анэм и къуэ Хьэсэн) дыхьэшхэн лъэпкъ хэлътэкъым. Сценэм деж си щхъуэфэцым зыщиIэтащ, сызыхэт Iуэхугъуэр си фIэщ щыхъупи щыIэт. Псалъэм папщIэ, спектаклым хэтт си анэр къыщызэбг, пщIантIэм сыщыдиху Iыхьэ. Абдежым си гур хуабжьу пIейтейрт, - жеIэ Дамэлейм.

Къазбэч къызэрилъытэмкIэ, сыт хуэдэ ролри уи фIэщ умыщIыпэмэ нэхъыфIщ. Актёрым жеIэ сценэм щыбгъэзащIэ псори «уи гум пхыбгъэкIмэ», абы псэр къарууншэ зэрищIыр. Апхуэдиз образыр гукIэ бгъэв мыхъунуи къелъытэ.

- Актёрым игъэзащIэ образым дауэ ухэмыгъуэзами, абы шэч гуэр къытепхьэу щытын хуейщ, ухимылъэсащэу. Ауэ спектаклым къеблэгъа цIыхуми и фIэщ ухъуу ущытыпхъэщ. А тIум я зэхуакум щхьэц налъэ хуэдизу лъэмыж телъщи, мис аращ си еплъыкIэмкIэ актёрыр зытетын хуейр, - жеIэ Дамэлейм.

Къазбэч цIыху къабзэщ, гупсысэ гъэщIэгъуэн зиIэщ. Абы къелъытэ актёрыр нэгъуэщI цIыхухэм зыкIи емыфIэкIыу.

- ЦIыхур цIыхуу щытын хуейщ. Аращ нэхъыщхьэр. Уи пщIэр, уи щхьэр плъагъуэжу ущытыпхъэщ, сэ щхьэзыфIэфIыныгъэ хьэлыр къызгурыIуэркъым. Нобэ къэхъу мыхъумыщIагъэхэр нэхъ мащIэ хъунут цIыхухэм цIыхугъэ, фIэщхъуныгъэ яхэлъамэ. Хабзэ пхэлъмэ, делагъи фIеягъи пщIэнукъым. Апхуэдэ фIэщхъуныгъэм утету упсэумэ, ар ирокъу гъуэгу захуэм утемыкIынымкIэ, - къыхегъэщ Къазбэч.

Дамэлей Къазбэч нобэкIэ щыджэгуащ спектакль зыбжанэм. Апхуэдэхэщ «Мэжидрэ и фызхэмрэ», «Анэхэр гъын хуейкъым», «ЩхьэзыфIэфIыжь», нэгъуэщIхэри.

Шэчыншэщ щIалэм нэгъэсауэ и зэчийр къызэрызыкъуимыхар. Тхьэм апхуэдэ лъэкIыныгъэ кърит, иригъэфIакIуэ!

**ГЪУКIЭКЪУЛ Иринэ.**

● Литературэ

# И адэм хуэфащэ

**Лъэпкъ усыгъэм, журналистикэм лъэбакъуэ махуэкIэ хэбакъуэ адыгэ щIэблэм ящыщщ Бемырзэ Мухьэдин и къуэ Зураб. И адэм и лъэужьым Iуэху махуэрэ зэфIэкIкIэ пищауэ, Зураб зэрылъэкIкIэ адыгэ лъэпкъым, щалъхуа къуажэм, къызыхэкIа унагъуэм я цIэр фIыкIэ егъэIу. Ар усакIуэщ, тхакIуэщ, журналистщ, литературэм хэлэжьыхь зэдзэкIакIуэщ.**



Бемырзэ Зураб

ЗУРАБ 1976 гъэм Али-Бэрдыкъуэ (Хьэгъундыкъуей) къуажэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэр къиуха нэужь, пединститутым и филологие къудамэм ищхьэ щIэныгъэ щызригъэгъуэтри, илъэсипщIкIэ егъэджакIуэ IэщIагъэм ирилэжьащ. А зэманым къриубыдэу Зураб егъэджакIуэ къызэрыкIуэуи, еджапIэм и унафэщIым и къуэдзэуи, еджапIэм и унафэщIуи щытащ. Апхуэдэ лэжьыгъэкIэ зыхуэупсар и къуажэжь Хьэгъундыкъуей дэт курыт еджапIэращ.

2009 гъэм ар «Черкес хэку» газетым мэув икIи, ноби абы и къудамэм и редактору щолажьэ. Журналист IэщIагъэм хуигъэтIылъа гуащIэм къыпэкIуащ Къэрэшей-Шэрджэсым и Iэтащхьэм, республикэм и министерствэ зэмылIэужьыгъуэхэм къабгъэдэкIа фIыщIэ тхылъхэр. 2014 гъэм Зураб къыхуагъэфащэ «Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щIыхь зиIэ и журналист» цIэ лъапIэр.

Абы къыщымынэу, Зураб 2010 гъэм хагъэхьащ Урысей Федерацэм и нэIэм щIэту зэхуашэс «Кадровый резерв. Профессиональная команда страны» зэхыхьэм, «Урысей зэкъуэт» партым и Совет нэхъыщхьэм и тхьэмадэ Грызлов Борис и Iэ зыщIэлъ рекомендацэ къыхуагъэфэщащ.

Бемырзэ Зураб зэфIэкI махуэкIэ хуолъащэ лъэпкъ литературэм, и усыгъэкIэ, тхыгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ Къэрэшей-Шэрджэсым и мызакъуэу, Урысейпсо утыкуми йохьэ.

Ар хэтащ СЭИП фондым къызэригъэпэщурэ Кавказ Ищхъэрэм и тхакIуэ-усакIуэ щIалэгъуалэр щызэхуашэса зэIущIи 7-м. Абы нэмыщI, Пастернак Борис къызэралъхурэ илъэси 125-рэ щрикъум траухуа литературэ зэхьэзэхуэм и лауреат хъуащ (2015 гъэ, Воронеж къалэ), Бунин Иван къызэралъхурэ илъэси 145-рэ щрикъум траухуа литературэ зэхьэзэхуэм щытекIуахэм яхэтщ (2015 гъэ, Москва къалэ), Григорьев Игорь и щIыхькIэ ирагъэкIуэкIа Урысейпсо литературэ зэпеуэми и лауреат хъуащ (2015 гъэ, Санкт-Петербург къалэ), Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм къыбгъэдэкIыу фIыщIэ тхылъ щхьэхуэ къыхуагъэфэщащ (2015 гъэ, Воронеж къалэ).

Бемырзэм и IэдакъэщIэкIхэр хагъэхьащ Кавказ Ищхъэрэм и тхакIуэхэм я тхыгъэхэр щызэхуахьэса «Вкус айвы» зыфIаща тхылъым (Москва 2012 гъэм къыщыдэкIащ), Урысейм и тхакIуэхэм я тхыгъэ къыхэхахэр зэрыт «Новые писатели России» тхылъхэу Москва къалэм 2013, 2014 гъэхэм къыщыдэкIахэм.

А псом къыщымынэу, ар Къэрэшей-Шэрджэс къэрал педуниверситетым и аспирантщ, лъэпкъым и блэкIар къэзытIэщIыж бзэ-щIэныгъэ лэжьыгъэ ирегъэкIуэкI.

Зураб и закъуи, нэгъуэщI авторхэм я гъусэуи къыдигъэкIащ анэдэлъхубзэр курыт еджапIэхэм зэрыщрагъэдж тхылъ зыбжанэ. Усыгъэми хуэдэу, абыкIэ Зураб пищэжащ и адэ Бемырзэ Мухьэдин иригъэжьауэ щыта лэжьыгъэ махуэр.

**АБИДОКЪУЭ Люсанэ.**

# Дунейпсо утыкум бжьыпэр щеубыд

**Мы илъэсыр ди лъэпкъым къыхэкIа спортсменхэм я ехъулIэныгъэхэмкIэ гъэнщIауэ щытащ. Шэчыншэу, дэтхэнэми хуэфащэщ хъуэхъу псалъэ хужыпIэну, утепсэлъыхьыну, ауэ нобэ зи гугъу тщIынур мы гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм дуней псом щызэлъащIыса хъыбарщ, ди хэкуэгъу адыгэ щIалэм и спорт текIуэныгъэ иным теухуарщ. Дызытепсэлъыхьыр Марокко къэралым и Касабланкэ къалэм спорт самбомкIэ щекIуэкIа дунейпсо чемпионатым дыщэ медалыр щызыIэрызыгъэхьа адыгэ щIалэ, Къэрэшей-Шэрджэсым къыщалъхуа Сидакъ Азэмэтщ.**

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, Азэмэт финал зэпэщIэтыныгъэр зыдригъэкIуэкIа, Азербайджаным щыщ, дуней псом и чемпион Гасымов Ислъам дахащэу, IэкIуэлъакIуагъ ин хэлъу текIуэныгъэр къыIэщIихащ. Урысейм и командэ къыхэхам и гъэсакIуэ нэхъыжь Трошкин Дмитрий зэрыжиIамкIэ, Азэмэт утыкум зыкъызэрыщигъэлъэгъуар «зэпеуэр зыгъэдэха зэпэщIэтыныгъэ хъуащ».

Спортсмен лъэрызехьэм и къекIуэкIыкIам зыхуэдгъэзэнщи, ар 1983 гъэм Хьэбэз къуажэм къыщалъхуащ, илъэситIым иту я унагъуэр Черкесск къэIэпхъуэжри, республикэ къалащхьэм дежщ щIалэ цIыкIум и япэ спорт лъэбакъуэхэр щичар. ЯпэщIыкIэ бэнэкIэ хуитым дихьэха Азэмэт и гъэсакIуэ хъуащ республикэми, ди къэралми, хамэ хэкухэми щыцIэрыIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и гъэсакIуэ Шэрджэс Хъызыр. Аращ ныбжьыщIэм и Iэпкълъэпкъыр псыхьыныр япэ дыдэ зи IэмыщIэ ихьар. ИкIи, Азэмэт зэрыжиIэмкIэ, Хъызыр къыбгъэдилъхьа щIэныгъэр зэи щыгъупщэркъым.

Илъэс 15-м иту Сидакъым самбомрэ дзюдомрэ зихуигъэсэн щIедзэ икIи УФ-м щIыхь зиIэ и гъэсакIуэ Пщымахуэ Iэюб и нэIэм щIоувэ.

● Самбэ



Сидакъ Азэмэт мэбанэ.

- ФIыщIэ псалъэу щыIэр хуэфащэщ шыIэныгъэшхуэ хэлъу, и гуащIэ емыблэжу къыздэлэжьа, спортым лъагъуныгъэ ин хузэзыгъэщIа, гъэсэныгъэ къысхэзылъха Пщымахуэ Iэюб. Дгъэува мурадым ерыщу дыхуэкIуэу дигъэсащ. Абы щыгъуэми къыщIэздзащ си япэрей медалхэр къэслъэщын. Спортыр си гъащIэ хъуащ, арыншэуи сыпсэуфынукъым, - жеIэ Азэмэт.

Спорстмен лъэрызехьэр 2009 гъэм Ставрополь Iэпхъуэжащ икIи УФ-м щIыхь зиIэ и гъэсакIуэхэу ПIапIшу Мухьэмэдрэ Захаркин Александррэ яIэщIыхьащ. Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI гъэсакIуэхэм нэхъри ирагъэфIэкIуащ Азэмэт и IэпщIэлъапщIагъыр. Дунейпсо чемпионатым абыхэм Азэмэт егугъуу зэрыхуагъэхьэзырар игъэщыпкъэжащ къилъэща текIуэныгъэ инымкIэ. АбыкIи Азэмэт фIыщIэ ин яхуещI и гъэсакIуэхэм.

Дунейпсо чемпионатым и утыкум зэритам хуэгъэзауэ мыращ спорстменым жиIэр:

- Финал зэпэщIэтыныгъэр щезгъэкIуэкIым сегупсысырт текIуэныгъэр къэслъэщыным, схузэфIэкI къэзгъэлъэгъуэным, сыкъызыбгъэдэкIа къэралыр, лъэпкъыр, си Iыхьлыхэр згъэгушхуэным. КъызгурыIуэрт: дэтхэнэ спорстменри сэ схуэдэт, ари зыхущIэкъур бжьыпэр иубыдынырт. Арами, ерыщу текIуэныгъэм сыщIэбэнащ.

ЖысIэнщи, кIэух зэпэщIэтыныгъэр си дежкIэ псынщIакъым. Илъэс бжыгъэ куэдым зэхуэсхьэса Iуэху зэхэщIыкIыу скъуэлъыр къызэщIэскъуэри, бжьыпэр субыдыным зыхуэзгъэпсащ, дауи, си насыпри текIуауэ къыщIэкIынщ.

КъыспэщIэтам бжыгъэр 1:4 щищIым, къыстекIуэ щыхъум, си щхьэм зы меданкIэ гупсысэ мыфIхэр къилъэдащ. Ауэ ахэр IузгъэкIуэтри, текIуэныгъэр къэлъэщынымкIэ си къару семыблэжыну, схузэфIэкIыр сщIэну къалэн зыхуэзгъэувыжащ. Си бэнэкIэ тактикэм зезгъэхъуэжри, зызэщIэскъуэри, зэпэщIэтыныгъэм и екIуэкIыкIэри къесIуэнтIэкIыжащ, иужьым бжьыпэри къыIэщIэсхыжащ.

АтIэ, згъэгуфIащ икIи згъэгушхуащ си лъэпкъыр, утыку сизыгъэхьа къэралыр. СэркIи мы текIуэныгъэр гуфIэгъуэ мыухыжщ, - жеIэ Азэмэт.

«Генерал хъуну щIэмыхъуэпс зауэлIыр щIагъуэкъым», - жеIэ урыс псалъэжьым. Ди лъэпкъэгъу спорстменми гугъапIэфIхэр иIэщ. АтIэ, Азэмэт щIохъуэпс самбо спорт лIэужьыгъуэр Олимп Джэгухэм хагъэхьэным, езыри дыщэ медалым щIэбэныным. Тхьэм нэрылъагъу тхуищI!

**ДЫКЪУЭ Лусэ.**

# Жэмыхъуэ Мурат утыку йохьэ

● Грэпплинг

**Мы махуэхэм Санкт-Петербург къалэм щекIуэкIащ «2015 гъэм и грэпплер нэхъыфI» спорт бэнэкIэмкIэ спортымкIэ мастерхэмрэ абы и кандидатхэмрэ я урысейпсо зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ ди лъэпкъэгъу Аруан щIыналъэм хыхьэ Къэхъун къуажэм щыщ, Мэзкуу дэт Правосудиемкlэ къэрал университетым щеджэ Жэмыхъуэ Мурат.**



МЭЗКУУ и «Спарта» спорт клубым и цIэкIэ бэна щIалэщIэм зэфIэкI хъарзынэхэр къигъэлъэгъуащ. Зи хьэлъагъыр килограмм 90-м нэблагъэхэм я гупым абы къыщыпэлъэщын къахэкIакъым. Зэхьэзэхуэм хыхьэу Мурат зэIущIиплI иригъэкIуэкIати, дэтхэнэ зыми и зэманыр имыухыу и хьэрхуэрэгъухэр щыхигъэщIащ. Къигъэлъэгъуа зэфIэкI лъагэхэм щхьэкIэ Жэмыхъуэм къыфIащащ «Урысейм спортымкIэ и мастер» цIэ лъапIэр.

Урысейпсо зэхьэзэхуэ нэужьым дэ упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ спортсмен ныбжьыщIэм.

**- Мурат, спортым дауэ ухыхьа?**

- Сэ япэу спорт пэшым сыщIэзышауэ щытар си адэ МуIэедщ. Абы къыщыщIэдзауэ си гъащIэр спортым епхауэ сыкъокIуэкI.

**- Илъэс дапщэ ухъурэт а зэманым?**

- Илъэсиблым ситу арат. Сэ нэхърэ нэхъыжьхэм я бэнэкIэм, ягъэлъагъуэ Iэмалхэм сыкIэлъыплъурэ абыхэм хуэдэ сыхъуну си гум ислъхьауэ щытащ.

**- Уи япэ текIуэныгъэр сыт хуэдэ зэхьэзэхуэ къыщыпхьар?**

- Аруан районым и унафэщIу илъэс куэдкIэ лэжьа, «Нарткъалэ щIыхь зиIэ и цIыху» цIэ лъапIэр зыфIаща Къандэхъу Мухьэрбий и фэеплъу зэхэта бэнэкIэ хуитымкIэ зэхьэзэхуэм.

**- Уэ иджыри ущIалэ дыдэщ, илъэс 18 ухъу къудейуэ аращ. Медаль, кубок дапщэ уиIэ?**

- Пэжыр жысIэнщи, си дамыгъэхэр сыбжакъым. Ахэр зыбжанэ мэхъу.

**- БэнэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я Iэмал псори къыщагъэсэбэп грэпллинг спорт лIэужьыгъуэм сыт нэхъ гугъуу хьэлъыр?**

- Мыбы хьэрхуэрэгъухэр щыкуэдыкIейщ. Илъэс къэси зызыгъасэхэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытщи, нықъуэкъуэгъухэр мащIэкъым. Грэпллингыр хуабжьу удэзыхьэх спорт лIэужьыгъуэщ икIи бэнэкIэ Iэмал куэд къыщыбгъэсэбэп зэрыхъум узэIэпешэ.

**- Спортым узэрыхэтрэ сыт хуэдэ ехъулIэныгъэхэр зыIэрыбгъэхьа?**

- Сэ бэнэкIэ хуитымкIэ спортым и мастерым срикандидатщ. Иджыблагъэ грэпллингымкIэ спортым и мастер сыхъуащ.

**- Грэпллингыр зэпэщIэтыныгъэ гуащIэ къыщагъэлъагъуэ спорт лIэужьыгъуэщ. Уэ бын уиIэмэ, а лIэужьыгъуэмкIэ бгъэбэнэну?**

- Шэч хэмылъу.

**- БэнакIуэ щхьэхуэхэм хэхауэ зыхуэбгъэхьэзырррэ?**

- Си дежкIэ псори зэхуэдэщ, ар спортсмен цIэрыIуэ ирехъу е щIэзыдзэ къудейуэ щрет. Дэтхэнэ зэIущIэми текIуэныгъэм си гур етауэ утыку сыкъохьэ. ЗэрыжаIэщи, «Инщ жыпIэу ущымышынэ, цIыкIущ жыпIэу утемыгушхуэ». Апхуэдэщ мы лIэужьыгъуэри, текIуэныгъэ куэд зиIэ спортсмен цIэрыIуэм ущIыщышынэн щыIэкъым, ауэ щIэзыдзагъащIэм, утыку япэу къихьауэ аращ жыпIэу убэлэрыгъауэ убгъэдыхьэ хъунукъым. Дэтхэнэми узэрыпэщIэхуэну Iэмалыр пщIэнукъым, сытым дежи зэщIэкъуауэ, сакъыу убэнэн хуейщ.

**- Уи еджэнымрэ зыгъэсэныгъэхэмрэ дауэ здэпхьрэ?**

- Псом нэхъыщхьэр уи зэманыр тэмэму бубзыхунырщ, зыр адрейм зэран хуэмыхъун хуэдэу.

**- ГрэпллингымкIэ иджырей бэнакIуэхэм ящыщу хэт нэхъ узыкIэлъыплъыр?**

- Сэ хуабжьу сыдехьэх зэзауэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ бэнакIуэ, плIэнейрэ грэпллингымкIэ Урысейм и чемпион, джиуджитсумкIэ тIэунейрэ дунейпсо чемпион, 2013 гъэм екIуэкIа грэпллингымкIэ дунейпсо джэгухэм я чемпион ди лъэпкъэгъу Багъ Алий.

**- ДызыхуэкIуэ зэманым сыт хуэдэ зэхьэзэхуэхэм ухэтыну уи мурад?**

- 2016 гъэм и пэщIэдзэхэм ирихьэлIэу бэнэкIэ хуитымкIэ Урысейм и чемпионатым сыщыбэнэну си мурадщ. КъищынэмыщIауэ, грэпллингымкIэ спортым и мастер къызэрысфIащам и хьэтыркIэ Iэмал къысхукъуэкIащ дунейпсо зэхьэзэхуэхэми зыкъыщызгъэлъэгъуэну.

**- Уи мурадыфIхэр къохъулIэну, ИлъэсыщIэ дызыхуэкIуэм текIуэныгъэ дахэхэмкIэ уи цIэр Iуну дынохъуэхъу.**

*Епсэлъар*
**ЖЫЛАСЭ Замирщ.**



# Студент пэрытым и щапхъэ Мэршэнкъул ФатIимэ

**Мэршэнкъул ФатIимэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр зэрыгушхуэ, зэрыпагэ студентхэм ящыщщ. Ар щеджэ къудамэм щIэсхэм сыт и лъэныкъуэкIи къахэжаныкIыу, жэуаплыныгъэшхуэ хэлъу, и пщэ далъхьэ къалэнхэр гугъэзагъэу игъэзащIэу апхуэдэщ. И ныбжьым хуумыгъэфэщэну гупсысэкIэ хьэлэмэтрэ акъыл гъэтIылъарэ бгъэдэлъщ адыгэ пщащэм. IэщIагъэр къызэрыхиха щIыкIэм, и студент гъащIэр зэрекIуэкIым и гуапэу ар топсэлъыхь:**

-СИ АДЭМ и лъагъуэм срикIуэным, юрист сыхъуным сыщысабийм щегъэжьауэ сыщIэхъуэпсырт. Налшык курыт школыр къыщызухым сыздэкIуэну еджапIэмрэ къыхэсхыну IэщIагъэмрэ куэдрэ сегупсысакъым - КъБКъУ-м и «Юриспруденция» унэтIыныгъэм сыщIэтIысхьащ икIи, сыщыгуфIыкIыж мыхъумэ, зэи сыхущIегъуэжакъым. Еджэным нэмыщI, университетым зыри щыдмылъагъуу щытамэ, икъукIэ зэшыгъуэу щытынт ди студент гъащIэр.

ФатIимэ къудамэм и студент зэгухьэныгъэм жыджэру холэжьыхь япэ курс лъандэрэ. Абы къыдэкIуэу щIэныгъэ зэхыхьэхэми зыхинкъым. И ехъулIэныгъэхэм ящыщщ 2013 гъэм екIуэкIа Урысейпсо щIэныгъэ конференцым зэрыщытекIуар, профессор Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэкIэ къызэрагъэпэщ еджэныгъэхэм, щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я зэпеуэхэу «Прорыв-2014», «Перспектива-2014», «Перспектива-2015»-хэм щIэныгъэ куу, Iуэху еплъыкIэ гъэщIэгъуэнхэр къигъэлъагъуэу зэрыхэтар.

- Иджыпсту сыдэзыхьэх а Iуэхугъуэхэр сигу ирохь. Си нэхъыжьхэми къыздаIыгъ университет гъащIэм жыджэру сызэрыхэтыр, ар еджэнми сэбэп хуэхъуу къызолъытэ, - жеIэ пщащэ цIыкIум.

**ЩОДЖЭН Iэминат.**



Битокъу Тамарэ КъБКъУ-м и Социальнэ гуманитарнэ институтым тхыдэмкIэ и къудамэм щоджэ. Литературэм дехьэх, рассказхэр етх, испаныбзэр зрегъащIэ.

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Сыт Лаурэ къару къезытыр?

● МакъыщIэ

**Мокъуэ Лаурэ Нартан къуажэм 1988 гъэм шыщхьэуIум и 31-м къыщалъхуащ. Псыгуэнсу къуажэм дэт школым и ужькIэ, егъэджакIуэ IэщIагъэм щIэхъуэпс пщащэр щIэтIысхьащ КъБКъУ-м и педагогикэ колледжым икIи ехъулIэныгъэ иIэу 2008 гъэм къиухащ.**



-СЫЗЭРЫЦIЫКIУРЭ егъэджакIуэ IэщIагъэр сфIэфIт, сехъуапсэрт сабийхэм сахэтыну, - къыддогуашэ Мокъуэ Лаурэ. - Аращ педагогикэ колледжым пэщIэдзэ классхэм щегъэджэным щыхуагъэхьэзыр и къудамэм сыщIыщIэтIысхьар. Абы сыщыщеджа илъэсхэм къэкIуэну махуэм сыхуэпIащIэу сыгъуэлъыжырт, егъэджакIуэ IэщIагъэм апхуэдизкIэ сыдихьэхырти. Адыгэ литературэм сыхуемыджэми, сэ щIэзджыкI зэпытт ди тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр. Псом хуэмыдэу сыдэзыхьэхри прозэрат.

Колледжыр къиуха нэужь, ар щылэжьащ Налшык къалэ дэт сабий садхэм ящыщ зым. Абы щыгъуи IэщIыб ищIакъым и лъэпкъым и тхыдэмрэ литературэмрэ. Иджыпсту КъБКъУ-м филологиемкIэ и институтым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ къудамэм щIэтIысхьауэ щоджэ. Лаурэ зэрыжиIэмкIэ, адыгэ литературэм лъагъуныгъэ хуезыгъэщIар и анэращ.

Усэ тхын зэрыщIидзэрэ куэд дыдэ мыщIами, ахэр зыбжанэрэ къытехуащ ди республикэм къыщыдэкI газетхэм. Нэхъыбэу пщащэ ныбжьыщIэр зытетхыхьыр цIыхум и псэр зыгъэгуфIэ, къару къезыт икIи зэуи езыудых лъагъуныгъэрщ, дунейм къыщыхъу Iуэхугъуэхэрщ.

**ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.**

# Лъыхъуэ уи насыпым

**Пщэдей - жыпIэу пхуэщIэн нобэ**
**Зыбгъэжьажьэу блумыгъэкI.**
**Лъыхъуэ, лъыхъуэ уи насыпым -**
**Мы дунейм щылэжь пхулъэкI.**

**Гъуэгу хуумыщIым -**
**Гъуэгу къыпхуищIкъым,**
**Упемыжьэм -**
**Ппемыжьэн.**
**Улъыхъуэхукlэ -**
**Ар къыплъохъур,**

**Ухуэнабгъэм -**
**Утеплъэн?!**

**Бгы щIыбитIым къыщежьауэ**
**ЗэхуэкIуатэу гъуэгу хэзышхэр**
**Бгыщхьэм зэ щызэхуэзэнщ...**
**ШхуэмылакIэр утIыпщауэ**
**Уи насыпым**
**Уемызэшу**
**УебгъэрыкIуэм - къыпIущIэнщ!**

ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер.

Редактор нэхъыщхьэхэр:
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд („Адыгэ псалъэ")
ДЕРБЭ Тимур („Адыгэ макъ")
ТХЬЭГЪЭПСЭУ Увжыкъуэ („Черкес хэку")

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къ., Лениным и уэрам, 33.

Номерыр „Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ. Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 3.500
Заказ №2177